

MANM EKIP YO **BENEFIS**

2024-2025



TAN-PLEN

THE BREAKERS®
PALM BEACH



ROOMS REFERRAL

STAFF RELATIONS TRAINING
401K+MATCH
CORPORATE ATHLETE
MENTAL HEALTH IS EVERYONE'S BUSINESS
PAID PARENTAL
HOLIDAY RETAIL DISCOUNT
TUITION REIMBURSEMENT



MY WELLNESS JOURNEY
MILESTONE RECEPTION DALE CA
TEAM MEMBERS
RESORT DISCOUNTS C
PAUL LEONE SERVA
BREAKTHROUGH TO ENERG
HOSPITAL INN
INTERVIEW & SELECTION
WORKPLACE REFRES
GOLF SCRABBLE
DISABILITY
LEAVE OF ABSENCE
JOB SHADOWING



TAB MATYÈ YO

Entwodiksyo.....	5	Rechèch Founisè Vizyon VSP.....	24
Apèsí Benefis.....	6	Lòt Benefis.....	25
Elijibilite ak Gid pou Manm Ekip yo.....	6	Kont Depans Fleksib (FSA).....	25-26
Enstriksyon pou Anwòlm.....	6	Asirans Vi ak AD&D.....	27
Elijibilite Depandan yo.....	6	Asirans Andikap Anplwayè Peye.....	28
Prèv Elijibilite Depandan yo.....	7	Benefis Volontè.....	29
Rapèl sou Benefisyè.....	7	Beyond Med - Sante membre	30
Verifye Eleksyon.....	7	Life & Care Benefis - Vi Asurans + Long term Care .	31
Verifye Eleksyon.	7	Sèvis Legal.....	32
Chanjman nan Anwòlman: Evènman Kalify.....	7	Pwoteksyon Kont Vòl Idantite.....	32
Enstriksyon pou Anwòlman Benefis.....	8-9	Asirans pou Bèt Kay.....	32
App SmartBen Now.....	10	T. Rowe Price — Plan Depay 401(K).....	33
Dediksyon Pewòl.....	11	Pwogram Byennèt Finansye.....	33
Benefis Medikal.....	12	Pwogram Asistans pou Anplwaye (EAP).....	34
Eksplikasyon Franchiz Ane Plan ak Maksimòm Sòti Poch Ou Chak Ane Plan.....	12	Bright Horizons.....	35-36
Konparezon Plan yo.....	13	Swen Motivite.....	37
Rabè Pou Ou — Blue365.....	14	Kontak Enpòtan.....	38
Konseye Enfimyè 24 sou 24.....	14	Avi Legal.....	39
Avoka Esansyèl.....	15	Avi sou Mache a.....	39-41
My Health Toolkit—Blue Cross Blue Shield.....	15	Lwa sou Sante Fanm & Dwa Kansè.....	41
Blue Cross Blue Shield of Florida Rechèch Founisè Medikal.....	16	Lwa Pwoteksyon Sante Tibebe & Manman.....	42
Konnen Anvan W Ale.....	17	Asistans Prim Anba Medicaid ak Pwogram Asirans Medikal Timoun (CHIP).....	42-46
Teladoc.....	18	Rapèl Avi HIPAA sou Pratik Konfidansyalite.....	46
Konsèy Nitrisyon Pèsonalize Teladoc.....	18	Dwa Anwòlman Espesyal HIPAA.....	46-47
Klinik Byennèt The Breakers.....	19	Avi sou Kouvèti Admisib.....	48-49
Ensantif Byennèt.....	20	Notes.....	50-51
Benefis Dantè.....	21		
Asirans Dantè.....	21		
Rechèch Founisè Dantè Cigna.....	22		
Benefis Vizyon.....	23		
Asirans Vizyon.....	23		

The Breakers kontan ofri manm ekip nou yo yon pakè benefis anplwaye konpreyansif ak konpetitif. Gid benefis sa a pral ba w apèsi kouvèti, kowòdone enpòtan ak divilgasyon anyèl manm ekip The Breakers la.



SANTE & BYENNÈT

- Medikal
- Dantè
- Vizyon
- Klinik Byennèt Sou Sit
- Asirans Aksidan, Dedonmajman Lopital & Maladi Kritik
- Dont Depans Fleksib (FSA & FSA Swen Depandan)
- Beyond Med - Sante membre



BYENNÈT FINANSYE

- Asirans Vi ak AD&D Debaz
- Asirans Vi Anplwayè a Peye
- Andikap Tèm Kout/Alontèm Anplwayè a Peye
- Asirans Vòl Idantite
- Gwoup Konsèy SageView
- Life & Care Benefis - Vi Asurans + Long term Care



RETRÈT & ESTIL LAVI

- 401(k) avèk Match Konpayi
- Asirans Legal
- Swen Bakòp
- Swen Motivite
- Pwogram Asistans pou Anplwaye
- Asirans pou Bèt Kay

ELIJIBILITE AK GID POU MANM EKIP YO

“Ane Plan” asirans an gwoup The Breakers la se 1e Septanm pou 31 Out.

Manm ekip nou ki elijib pou benefis yo genyen yon okazyon pou yo anwole nan pwogram benefis ki patwonize pa konpayi The Breakers la pandan premye 60 jou anplwa yo, yon evènman lavi ki kalifye ak Anwòlman Ouvè Anyèl.

Manm ekip tan plen ki travay trant (30) èdtan oswa plis chak semèn elijib. Pou rete elijib, ou oblige travay pa mwayer trant (30) èdtan oswa plis chak semèn pandan peryòd mezi è travay pandan 12 mwa anyèl nou an. Nou konte tout è nou peye w pou yo, konje peye pèsonèl ak vakans ladan li (Pèsonèl, Rezèv Medikal, Vakans ak VTO). Pou plis enfòmasyon sou mezi è travay pandan 12 mwa nou an, kontakte Ekip Benefis la.

Manm ekip tan-pasyèl ak sou demann yo kapab refere nan Gid Benefis Tan-pasyèl/Sou Demann la pou revize benefis ki disponib pou anwòlman apre konplesyon 1,040 è travay pandan peryòd mezi a.

KONSÈY: Li enpòtan anwole anvan dat kouvèti w an vigè.
Nou rekòmande w chwazi benefis nan lespas premye 30 jou anplwa.

ENSTRIKSYON POU ANWÒLMAN

Kòm yon manm ekip Breakers tan-plen, ou elijib pou benefis asirans premye jou nan mwa apre 60 jou anplwa oubyen chanjman nan estati.

Konekte nan platfòm anwòlman oto-sèvis nou, SmartBen, pou fini anwòlman w.



Konekte sou thebreakers.wl.alight.com

A. Non pou Itilizatè: Numero ID (Eg: 123456)

B. Modpas: DOB 8 chif nan fòma mmjjaaaa (Eg: 05021997)

ELIJIBILITE DEPANDAN YO

Yon depandan defini kòm konjwen legal yon manm ekip ki kouvri oubyen yon timoun depandan manm ekip la oswa konjwen manm ekip la ki poko marye. Timoun depandan yo ap rete kouvri jis fen mwa kote yo vin gen laj 26 zan. Yon timoun depandan defini kòm:

- Pitit natirèl
- Bèlfî/bofis
- Pitit ki adopte legalman
- Pitit ki plase pou adopsyon
- Yon timoun yo te bay manm ekip oubyen konjwen manm ekip la ki kouvri gad legal
- Pitit ki poko marye nenpòt laj ki vin andikape mantalman oswa fizikman anvan yo rive nan laj limit la

PRÈV ELIJIBILITE DEPANDAN YO

Tanpri asire w prepare pou founi prèv relasyon (sètadi batistè, akt maryaj oubyen deklarasyon taks pou ane ki sòt pase a) si w ap anwole konjwen ou oubyen pitit ou nan nenpòt nan plan ou yo ansanm ak dat nesans ak nimewo sekirite sosyal chak manm fanmi w ap anwole a.

RAPÈL SOU BENEFISYÈ

Manm ekip tan-plen yo oblige ajoute kowòdone benefisyè a pou kouvèti asirans vi ak lanmò ak demantelman aksidental debaz nou founi gratis pou w.

VERIFYE ELEKSYON

Apre w fin anwole nan pwogram benefis patwonize pa konpayi The Breakers la, se responsabilite pa w pou tcheke sou pòtal ADP a pou asire benefis ou te chwazi yo enkli epi n ap dedwi montan kòrèk la nan chèk ou. Tout koreksyon dwe fèt nan lespas premye 30 jou anwòlman.

CHANJMAN NAN ANWÒLMAN: EVÈNMAN KALIFYE

Eleksyon kouvèti ki fèt pandan Anwòlman Ouvè pa kapab chanje jiskaske pwochen peryòd Anwòlman Ouvè anyèl la.

Sèl eksepsyon ki genyen pou Règ IRS Seksyon 125 sa a se si w sibi yon "Evènman Kalifye." Yon Evènman Kalifye pèmèt ou fè yon chanjman nan eleksyon benefis ou nan lespas 30 jou depi evènman an.

Egzanp Evènman Kalifye enkli, men pa limite a:

- Maryaj
- Divòs
- Nesans, adopsyon, oswa gad legal yon timoun depandan
- Pèt envolontè lòt kouvèti asirans an gwoup
- Lanmò
- Anwòlman Ouvè Konjwen Ou

Si w genyen yon Evènman Kalifye ki pèmèt oswa egzije w fè yon chanjman nan estati, fòk ou kontakte Depatman Benefis la nan lespas 30 jou depi evènman an pou fè chanjman nan eleksyon benefis ou yo.

Se pou w enfòme silvouple ke gid sa a ba w yon rezime jeneral sou benefis ki disponib pou w ak depandan elijib ou yo sèlman. Tanpri refere nan Deskripsiyon Plan Rezime a, Rezime Benefis ak Kouvèti medikal la, rezime ak Sètifica Kouvèti founisè yo pou deskripsiyon ak pwovizyon kouvèti an detay, ki sou thebreakers.wl.alight.com.

ENSTRIKSYON POU ANWÖLMAN

Etap pou Fini Anwòlman Ou si ou se yon nouvo manm ekip, si w ap sibi yon evènman lavi kalifye oswa pandan Anwòlman Ouvè Anyèl

ETAP 1

Konekte sou thebreakers.wl.alight.com

- Non pou Itilizatè: Numero ID (Eg: 123456)
- Modpas: DOB 8 chif nan fòma mmjjaaaa (Eg: 05021997)

ETAP 2

Yon fwa w fin konekte, ou kapab kòmanse anwòlman w

- Chwazi Begin Enrollment (New Hire, Annual Open Enrollment oswa Qualifying Life Event)
- Pou yon Evènman Kalifye, Chwazi Begin Enrollment epi apre sa chwazi tip evènman ki aplikab pou chanjman w (eg: chanjman nan estati, maryaj, nesans yon bebe, elatriye)

ETAP 3

Revize ak Chwazi Benefis

- Revize opsyon anwòlman w yo epi fè elekson benefis ou yo
- Pou anwole, fè chanjman oswa renonse kouvèti, klike sou yon benefis

Anwole yon Konjwen oswa Depandan

Si w ap anwole yon konjwen oswa depandan nan kouvèti, chwazi Manage People pou ajoute dosye depandan yo pou anwòlman. Se nan People Manager nou kenbe enfòmasyon Pèsonèl ou, Konjwen/Depandan w ak Benefisyè w.

- Anplwaye:** Revize enfòmasyon pèsonèl ou epi fè mizajou si sa nesesè
- Konjwen / Depandan:** Chwazi **Add a Spouse** oswa **Add a Dependent** pou ajoute enfòmasyon konjwen ak/oswa depandan w si w ap anwole yo nan yon plan benefis. Klike sou Save lè w fini
- Benefisyè:** Si w elijib pou kouvèti Vi/AD&D Debaz oswa Vi/AD&D Tèm Siplemantè, chwazi **Add a Beneficiary**. Klike sou Save lè w fini

Remak: Ajoute dosye konjwen/depandan/benefisyè nan seksyon sa a PA siyen yo kouvèti aplikab. Yon fwa w fin ajoute tout dosye yo, chwazi Continue.

Yon fwa w fin chwazi yon benefis, chwazi si w ap ajoute yon konjwen, ptit oswa plan fanmi anba **Who's Being Covered**

A. Sa a pral mete opsyon plan yo ajou nan nivo kouvèti apwopriye a

B. Yon fwa w fin deside ki plan ak nivo kouvèti pou vle a, klike sou Select anba plan ki aplikab la

C. Opsyon an pral tounen koulè vèt epi w ap ka chwazi **Continue**

D. Selon nivo kouvèti ou chwazi a, ou kapab oblige asiyen yon konjwen/depandan/benefisyè. Pou fè sa, chwazi kare sou kote chak dosye ki aplikab ki dwe anwole nan kouvèti

E. Yon fwa w fin mete tout egzijans yo pou benefis la ajou, chwazi **Continue**

ETAP 4

Yon fwa tout eleksyon yo fin fèt, chak benefis pral genyen yon limyè vèt.


Pou finalize eleksyon w yo, chwazi Continue nan paj Benefit Management la.


A. Revize Benefis ou te Chwazi yo pou konfime chak nan yo limen kòmsadwa

- Si gen chanjman ki pou fèt, chwazi **Return to Lights**
- Si tout bagay reflete kòrèkteman, konplete Akò obligatwa w epi chwazi **Complete Enrollment**
- **Chwazi waive pou benefis ou pa vle anwole ladan yo**
- Chwazi **Required Documents** pou telechaje dokimantasyon sipò pou ajoute yon konjwen oswa depandan

B. Pwochen Etap yo

- Ou pral resevwa notifikasyon ke anwòlman w fin fèt avèk sikse
- Apre sa w ap kapab enprime Paj Konfirmasyon w pou dosye pa w yo





SMARTBEN NOW APP

App la pèmèt ou aksede enfòmasyon ki ajou sou benefis ou yo ki founi pa The Breakers, li kenbe w branche nan benefis ou yo lè ak kote ou bezwen li.

SmartBen NOW Bay:

- Aksè nan enfòmasyon sou benefis nenpòt kote w ye
- Balans ak kontribisyon aktyèl
- Aksede pòtal benefis ak yon sèl touch pandan w nan lari
- Estati franchiz ak balans peye sòti nan pòch aktyèl
- Aksè fasil nan tout kat ID ou yo nan yon sèl kote
- Li disponib pou aparèy Apple ak Android

Kijan pou konekte sou SmartBen NOW

Yon fwa w fin enstale li, ouvri SmartBen NOW sou aparèy mobil ou.

Mete non itilizatè ou ak modpas ou.



Non Itilizatè: Non pou Itilizatè: Numero ID (Eg: 123456)

Modpas: 8 chif nan fòma mmjjaaaa (Eg: 05021997)



DEDIKSYON PEWÒL

DEDIKSYON PEWÒL MEDIKAL CHAK DE SEMÈN (ANVAN-TAKS)

Avèk Epay Ensantif Byennèt la			
KOUVÈTI MEDIKAL	PLAN STANDARD FRANCHIZ PI WO	PLAN DELUXE FRANCHIZ PI BA	PLAN CHOICE
Manm Ekip la Sèlman	\$76	\$100	\$161
Manm Ekip la + Konjwen Li	\$303	\$365	\$491
Manm Ekip la + Ptit	\$256	\$319	\$448
TManm Ekip la + Fanmi	\$310	\$382	\$517

San Epay Ensantif Byennèt la (Manm Ekip la OUBYEN Konjwen li)			
KOUVÈTI MEDIKAL	PLAN STANDARD FRANCHIZ PI WO	PLAN DELUXE FRANCHIZ PI BA	PLAN CHOICE
Manm Ekip la Sèlman	\$99.08	\$123.08	\$184.08
Manm Ekip la + Konjwen Li	\$326.08	\$379.08	\$514.08
Manm Ekip la + Ptit	\$279.08	\$342.08	\$471.08
Manm Ekip la + Fanmi	\$333.08	\$405.08	\$540.08

San Epay Ensantif Byennèt la (Manm Ekip la AK Konjwen li)			
KOUVÈTI MEDIKAL	PLAN STANDARD FRANCHIZ PI WO	PLAN DELUXE FRANCHIZ PI BA	PLAN CHOICE
Manm Ekip la + Konjwen Li	\$349.15	\$411.15	\$537.15
Manm Ekip la + Fanmi	\$356.15	\$428.15	\$563.15

SEMÈN DEDIKSYON PEWÒL DANTÈ CHAK DE (ANVAN TAKS)

KOUVÈTI DANTÈ	PLAN DHMO	PLAN PPO
Manm Ekip la Sèlman	\$6.76	\$23.20
Manm Ekip la + Yon Lòt Moun	\$12.02	\$46.40
Manm Ekip la + De Lòt Moun oswa Plis	\$18.58	\$69.61

DEDIKSYON PEWÒL VIZYON CHAK DE SEMÈN (ANVAN TAKS)

KOUVÈTI VIZYON	PLAN DEBAZ	PLAN AMELYORE
Manm Ekip la Sèlman	\$1.86	\$3.00
Manm Ekip la + Konjwen Li	\$3.73	\$6.01
Manm Ekip la + Ptit	\$3.99	\$6.43
Manm Ekip la + Fanmi	\$6.38	\$10.27

ASIRANS MEDIKAL

The Breakers founi twa opsyon pou plan atravè Blue Cross Blue Shield of Florida. Plan nou ofri yo se:

STANDARD ANDAN-REZO SÈLMAN	DELUXE ANDAN-REZO SÈLMAN	CHOICE PLAN ANDAN OUBYEN AN DEYÒ REZO
-------------------------------	-----------------------------	---

Plan Standard ak Deluxe yo se plan Andan-Rezo sèlman, sepandan touletwa plan yo genyen aksè ouvè epi yo pa egzije w chwazi yon Doktè pou Swen Prensipal (PCP) ni akeri yon rekòmandasyon pou chache swen nan men espesyalis ki genyen kontra avèk yo.

Plan Choice la founi benefis lè w chache swen nan men founisè An Deyò Rezo a. Byenke ou genyen fleksibilite pou chache swen nan men founisè ki pa genyen kontra avèk yo, benefis ou yo ap redwi epi ou kapab oblige peye res balans bòdwo pou montan ki depase fre Blue Cross Blue Shield of Florida rekonèt. Ou pral resevwa maksimòm nivo benefis lè w itilize founisè prefere a Blue Cross Blue Shield of Florida.

EKSPLIKASYON FRANCHIZ ANE PLAN & MAKSIMÒM SÒTI NAN PÒCH OU POU ANE PLAN

Franchiz Ane Plan

Franchiz Ane Plan nan se yon montan spesifye ou dwe peye pou sèten sèvis ki kouvri chak ane pou plan nan. Genyen franchiz endividiyèl ak fanmi. Apre yon franchiz endividiyèl oswa fanmi fin satisfè, lè sa genyen ko-asirans, si sa aplikab. Ko-asirans se sa ou dwe peye nan fre yon sèvis swen medikal. Se montan yon manm peye apre franchiz la fin satisfè.

Maksimòm Sòti Nan Pòch Ou Pou Ane Plan

Maksimòm Sòti Nan Pòch Ou Pou Ane Plan nan se montan depans ki kouvri yo, (li genyen ladan li franchiz, ko-asirans, ak kopeman ak kopeman famasi) ou dwe peye, swa endividiyèlman oswa kòm yon fanmi ki kouvri.

Apre ou fin satisfè maksimòm sòti nan pòch endividiyèl/fanmi nan yon ane pou plan nan, peman pou sèvis andan rezo ki kouvri ki mande kopeman ak ko-asirans pou endividé/fanmi ki kouvri a, se Blue Cross Blue Shield of Florida ki pral peye yo nan to 100% pandan res ane plan nan, depandan sou kèlkeswa lòt tèm, limitasyon ak esklizyon.

Konsyèj Blue Cross Blue Shield

The Breakers founi yon konsyèj dedye pou ede w chwazi plan ki bon pou ou menm ak fanmi w, pwoblèm ak reklamasyon medikal, jwenn yon founisè andan-rezo, ak repons pou kèlkeswa kesyon ou ka genyen.



KONTAKTE DENNIS ASHWOOD

Disponibilite: Lendi, Mèkredi, Jedi

Orè: 8 AM pou 4:30 PM

Telefòn: (786) 459-8813

Imèl: dennis.ashwood@bcbsfl.com

BENEFIS MEDIKAL

KONPAREZON PLAN YO

NON PLAN	PLAN STANDARD FRANCHIZ PI WO	PLAN DELUXE – FRANCHIZ PI BA	PLAN CHOICE	
Network Access	Andan-Rezo	Andan-Rezo	Andan-Rezo	An Deyò-Rezo**
Franchiz Chak Ane Plan (PYD)*	Responsabilite Pa W	Responsabilite Pa W	Responsabilite Pa W	
Endividyle	\$1,500¤	\$1,000¤	\$1,000¤	\$3,000¤
Fanmi	\$3,000¤	\$2,000¤	\$2,000¤	
Maksimòm Sòti Nan Pòch pou Ane Plan				\$4,000
Endividyle	\$4,500	\$3,500	\$2,500	\$8,000
Fanmi	\$9,000	\$7,000	\$5,000	
Benefis Maksimòm Pou Tout Lavi	San limit	San limit	San limit	
Sèvis Kay Doktè				
Vizit Kay Doktè Swen Prensipal (PCP)	Kopeman \$30	Kopeman \$25	Kopeman \$25	30% Apre PYD**
Teladoc (sa a enkli Sante Mantal)	Gratis	Gratis	Gratis	Gratis
Konsiltasyon Kay Espesyalis	Kopeman \$50	Kopeman \$40	\$30 Copay	30% Apre PYD**
Swen Preventif (Prensipal / Espesyalis)	San Fre	San Fre	San Fre	30% Apre PYD**
Swen Konveneyan (Minute Clinic)	Kopeman \$10	Kopeman \$10	Kopeman \$10	30% Apre PYD**
Swen Ijan ak Sal Dijans				
Enstalasyon Swen Ijan	Kopeman \$100	Kopeman \$100	Kopeman \$100	30% Apre PYD**
Sèvis Enstalasyon Sal Dijans (Sa a renonse si yo entène w)	Kopeman \$400	Kopeman \$300	Kopeman \$250	
Sèvis Dyagnostik				
Laboratwa Endependan / Radyografi Endependan	San Fre	San Fre	San Fre	30% Apre PYD**
MRI, CT Scan, PET Scan	Kopeman \$300	Kopeman \$250	Kopeman \$150	30% Apre PYD**
Kolonoskopi / Mamogram Dyagnostik	Kopeman \$250	Kopeman \$250	Kopeman \$250	30% Apre PYD**
Sèvis Lopital / Enstalasyon				
Lopital Entène	20% Apre PYD*	10% Apre PYD*	10% Apre PYD*	30% Apre PYD**
Lopital / Enstalasyon Chirijiri Anbilatwa	20% Apre PYD*	10% Apre PYD*	10% Apre PYD*	30% Apre PYD**
Sèvis Famasi				
Nivo 1	Kopeman \$10	Kopeman \$10	Kopeman \$10	
Nivo 2	Kopeman \$40	Kopeman \$35	Kopeman \$30	Pa Kouvri
Nivo 3 / Nivo 4 *Kalifye Kopeman \$0 pou Rx	Kopeman \$70	Kopeman \$60	Kopeman \$55	

*Fòk ou satisfè PYD (Franchiz pou Ane Plan nan) anvan ko-asirans lan aplike.

**Benefis An Deyò-Rezo kapab sibi Faktirazyon Balans pou fre ki depase kalandriye ranbousman konpayi asirans lan.

¤ PYD – sa a aplikab sèlman pou enstalasyon lopital ak swen pasyan.

Preskripsiyon ki kalifye yo pral genyen yon kopeman \$0 atravé Pwogram Kopeman Varyab la.

BENEFIS POU MANM YO ATRAVÈ RABÈ BLUE CROSS BLUE SHIELD

POU OU – BLUE365

Manm ekip ki anwole nan plan medikal la genyen aksè ak rabe esklizif sou divès pwodwi ak sèvis. Ale sou mysantetoolkitfl.com epi chwazi zonglèt Member Discounts la.

				
FITNESS Abònman nan Gym Aparèy Fitness Pòtab Rad pou Fè Spò Abònman Magazin Enskripsyon nan Kous 5K ak Obstak Ekipman Fitness Lakay Vitamin ak Siplemen Nitrisyonèl	SWEN PÈSONÈL Soulajman aleji Akiponkti Sèvis Kiwopratik Terapi Masaj Restorasyon Cheve Blanchisman Dantè	ESTIL LAVI TKlib Vwayaj Pakè Vakans Swen Bèt Kay	MANJE AN SANTE Pwogram pou Pèdi Pwa Liv Kwizin ak Resèt Kou Anliy sou Fè Manje	ODISYON & VIZYON Pwotèz Oditif Chirijiri Lasik pou Je Linèt

KONSEYE ENFIMYÈ 24 SOU 24

Lè w bezwen konsèy sou swen medikal imedyatman, rele Konseye Enfimyè 24 sou 24 la gratis nan (866)-323-0664. Avèk sèvis sa a ou kapab evite sousi pou granmèsi, fre peye sòti nan pòch ou ak anpil tan chita nan yon sal dijans.

Lè w rele, yon enfimyè diplome pral ede w deside:

- Si w kapab jere pwoblèm nan lakay w
- Si w bezwen konsilte ak doktè w
- Si ou an sekirite si w tann oubyen si w bezwen èd touswit
- Sa w dwe veye si w pa bezwen swen touswit

You can also ask the nurse about:

- Kesyon ou te bliye mande doktè w
- Dènye enfòmasyon yo sou sante
- Pran desizyon enpòtan sou swen medikal
- Medikaman w yo oswa lòt trètman w yo

AVOKA ESANSYÈL

Sistèm swen medikal la kapab li pa gen ni pye ni tèt lè w ap eseye jwenn enfòmasyon fyab. Se poutèt sa nou ofri Avoka Esansyèl kòm yon sèvis gratis nan plan medikal ou.

Rele Avoka Esansyèl la nan (888) 521-2583 nenpòt lè, nenpòt jou. Yon kowòdinatè swen pral konekte w avèk yon enfimyè diplome oubyen yon lòt ekspè ki kapab ba w enfòmasyon, sipò oswa konsèy sou sante. Pa egzanp, ou kapab jwenn èd avèk:

- Enkyetid otou medikaman ak efè segondè
- Jwenn yon doktè, espesyalis oswa sant swen ijan
- Mete yon randevou avèk doktè w
- Konpare fre yo anvan w pwograme trètman medikal
- Prepare pou chirijiri ak pran etap pou yon rekiperasyon an sante
- Jwenn pwogram ak resous itil nan kominate w

TWOUS SANTE PA M—BLUE CROSS BLUE SHIELD

Twous Sante Pa M se sèl kote w bezwen ale pou jwenn repons sou swen medikal ou — epi li pèsonalize pou ou menm! Li genyen tout sa w bezwen pou konprann kouvèti plan medikal ou ak jere benefis ou yo. Tout manm kòmanse nan laj 16 zan ak pi gran, sa enkli konjwen ak depandan, dwe enskri pou fè yon kont. Li byen fasil pou enskri epi li gratis.

Ou kapab jwenn yon doktè ki patisipe ak Blue Cross Blue Shield of Florida lè w kontakte Sèvis Manm Blue Cross Blue Shield of Florida oubyen ale sou sit entènet yo dirèk sou mysantetoolkitfl.com. Mete premye twa karaktè nan ID manm ou (TBY) pou pakouri founisè ki nan plan w.

The My Health Toolkit can assist you with:

- Aprann plis sou kouvèti w
- Tcheke reklamasyon medikal
- Gade istorik medikal ou
- Ranplase kat manm ou
- Jwenn yon doktè oubyen lopital

Enskri ak kèk ti klik:

1. Ale sou mysantetoolkitfl.com
2. Klike sou bouton **Register Now** la sou bò dwat paj la
3. Mete nimewo ID Manm ou ki sou kat manm ou
4. Swiv enstriksyon yo pou Kreye Pwofil Ou

Fichye Lizib pou Machin: <https://member.myhealthtoolkitfl.com/web/public/fl/>

Lyen sila a ale sou fichye lizib pou machin ki fèt disponib an repons ak Règ federal la sou Transparans nan Kouvèti a epi li enkli pri sèvis ki te negosye ak montan pèmisib an deyo-rezo ant plan medikal ak founisè swen medikal. Fichye lizib pou machin yo fèt nan yon fòma ki pou pèmèt rechèchè, regilatè ak devlope aplikasyon yo aksede ak analize done yo pi fasilman.

RECHÈCH FOUNISÈ MEDIKAL BLUE CROSS BLUE SHIELD OF FLORIDA

Pou jwenn founisè, lopital ak plis ki patisce ale sou: mysantetoolkitfl.com



The screenshot shows the homepage of the Blue Cross Blue Shield of Florida website. At the top, there's a navigation bar with links for "MANAGE YOUR PLAN", "PRESCRIPTION DRUGS", "FIND CARE", "SEE PLAN PERKS", and "LIVE HEALTHY". Below the navigation is a search bar. The main content area features a background image of a man and a child looking at fish in an aquarium. Overlaid on this is a "Member Login" box with fields for "Username" and "Password", and buttons for "Create An Account", "Forgot Username?", "Forgot Password?", and "Log In". To the left of the login box is a "Manage Your Plan" sidebar with links like "My Health Toolkit", "Using Your Plan", "Understanding Insurance", "BlueCard", and "Find Forms and Documents". To the right is a "Prescription Drugs" sidebar with links for "Drug Lists", "Drug Management Programs", and "Premium Formulary". Below these are two more sections: "Find Care" (with "Find a Doctor" and "Healthy Visit" options) and "Find Tools" (with "Plan Comparison", "Provider Search", and "Procedure Costs").

Klike sou
KREYE YON AKOUNT

Klike sou
Cheche yon Dokte

This screenshot shows a "Narrow Your Search Results" pop-up window. It contains a message: "Log in now or enter the first characters of your member ID to see providers in your network." Below this is a text input field labeled "Enter Card ID" with a blue border. Above the pop-up, the main search interface shows a "Network" dropdown set to "Blue Choice PPO" and a "City, state or zip" field containing "Palm Beach, FL - 33480". The search bar at the top has a magnifying glass icon and the placeholder "Search for Names and Specialties". Below the search bar are "Common Searches" for OB/GYN, Cardiologist, Orthopedic Surgeon, and Physical Therapist.

Mete ID kat ou
oubyen konekte
sou kont

Enter the **first 3 characters** of your member ID number found on your insurance card for **care options in your network**.

This screenshot shows a sample insurance card for "BlueCross BlueShield ALPHA Employer Group". The card includes the following information:

Member Name	Doe	Dependents	John Doe Robbie Doe Billy Doe														
Member ID	XYZ123456789	BIN	023457 987654	Plan	PPO	Benefit Plan	HIOPT	Office Visit	\$15	Effective Date	00/00/00	Specialist Copay	\$15			Emergency Deductible	\$75 \$50
BIN	023457 987654	Plan	PPO														
Benefit Plan	HIOPT	Office Visit	\$15														
Effective Date	00/00/00	Specialist Copay	\$15														
		Emergency Deductible	\$75 \$50														

Browse or search to find the care you need.

This screenshot shows the "Browse by Category" section of the provider search results. It includes a search bar and a "Procedure Costs" filter. Below these are four categories: "Hospitals & Clinics", "Urgent Care Center", "Primary Care", and "Specialty Care". Each category has a brief description and a small icon. At the bottom, there are additional filters for "Behavioral Health" and "Facilities where patients receive emergency, short-term and long-term medical care".

Sou paj Provider Search la,
ou ka chache selon founisè,
sèvis, kondisyon, oswa
kategorí.

KONSEY: Asire w ke kote w
fikse nan zòn ki kòrèk la.

BENEFIS MEDIKAL

KONNEN ANVAN W ALE

Chwazi bon kalite swen pou yon sityasyon medikal ka difisil epi fè tèt ou vire. Konprann diferan nivo swen ak kilè pou itilize chak kapab ede w genyen tan ak lajan, epi mete lapè nan tèt ou.

Si w bezwen asistans pou detèmine ki kote pou jwenn swen, tanpri pa ezite kontakte Konsyèj Blue Cross Blue Shield nou a, Dennis Ashwood.

Type of Facility	Pri Mwayen	Egzanz Pwooblèm Sante
	TELADOC <p>Founi aksè 24 sou 24 lè doktè swen prensipal ou oubyen pedyat pitit ou pa kapab konsilte w touswit. Genyen doktè ki disponib pou trete maladi ki pa ijan sou web la, telefòn nan oubyen app mobil la.</p>	GRATIS <ul style="list-style-type: none">• Enfeksyon Sinis• Rim ak Grip• Tous / Gòj Fè Mal• Konsèy sou Sante Mantal• Gratèl• Alèji• Vant Fè Mal• Nozi
	KLINIK SWEN KONVENYANS <p>Trete sousi medikal minè. Pèsonèl yo sitye nan magazen vant an detay ak famasi. Souvan yo ouvri lannwit ak nan wikenn.</p> <p style="text-align: right;"> minute clinic®</p>	\$ <ul style="list-style-type: none">• Enfeksyon• Rim oswa Grip• Blesi oswa Doulè Minè• Vaksen• Vaksen Kont Grip• Gòj Fè Mal oswa Strep• Pwooblèm nan Po• Alèji
	KAY DOKTÈ W <p>Pi bon kote pou ale pou swen woutin oswa preventif, pou kontwole medikaman w ap pran yo</p>	\$ <ul style="list-style-type: none">• Fyèv, Rim, oswa Grip• Gòj Fè Mal• Gratèl• Brile Minè• Doulè Zòrèy oswa Sinis• Swen Preventif• Vaksen• Reyakson Alèjik Minè
	KONSILTASYON VITYÈL <p>Pi bon pou maladi woutin; sa yo pèmèt ou wè ak pale ak yon doktè nan konfò lakay w oubyen biwo w san randevou.</p>	\$ <ul style="list-style-type: none">• Alèji• Rim ak Grip• Nozi• Vant Fè Mal• Enfeksyon Sinis• Lasm• Enfeksyon nan Je• Tèt Fè Mal
	SANT SWEN IJAN <p>Pou kondisyon ki pa menase lavi. Yo ekipe ak enfimyè ak doktè epi nòmalman yo genyen orè pwolonje.</p>	\$\$ <ul style="list-style-type: none">• Migrèn oswa Tèt Fè Mal• Koupe (si yo bezwen koud)• Doulè Abdominal• Antòs oswa Fouli• Enfeksyon nan Vwa Irinè• Môde pa Bèt• Doulè nan Do• Doulè nan Jwenti
	SAL DIJANS NAN LOPITAL <p>Pou trètman imeda pou blesi oswa maladi kritik. Si yon sityasyon sanble li kapab menase lavi, rele 911 oubyen ale nan sal dijans ki pi pre w la.</p>	\$\$\$ <ul style="list-style-type: none">• Doulè nan Pwatin, Konjesyon Serebral• Kriz Malkadi• Blesi nan Tèt oswa Kou• Pèt Sansasyon Toudenkou• Tonbe Ensipoze, Toudi• Senyen San Kontwòl• Difikitite Respire• Zo Kase

TELADOC

Teladoc ba w aksè 24 sou 24, 7 sou 7, 365 sou 365 ak yon medsen ki sètifye pa komite atravè konvenyans telefòn oswa videyo. Sa a se yon sèvis gratis avèk yon kopeman \$0 pou manm ekip nou ki anwole nan plan medikal nou a. Pran kat asirans ou epi ale sou teladoc.com oubyen rele (866) 789-8155 pou kreye kont ou.



- Aksè 24 sou 24, 7 sou 7 ak doktè Ozetazini ki gen lisans nan telefòn oswa videyo
- Doktè yo soude w, trete w epi preskri w medikaman si w bezwen
- Bon jan swen nenpòt kote w ye a

Teladoc kapab ede avèk:

- Sentòm rim ak grip
- Alèji
- Bwonchit
- Enfeksyon nan vwa irinè
- Enfeksyon respiratwa
- Pwoblèm sinis
- Pwoblèm dèmatoloji
- Konsèy sou sante mantal
- Ak lòt bagay toujou!

KONSÈY NITRISYON PÈSONALIZE TELADOC

Manm ekip nou yo ki anwole nan plan medikal nou kapab travay avèk yon dyetetis pwofesyonèl pou resevwa konsèy sou nitrisyon pèsonalize, ak tout plan repa pèsonalize ak gid acha. Tout sa a pou yon kopeman de \$0!



Dyetetis Teladoc yo kapab ede w avèk:

- Pèdi pwa
- Alèji ak manje
- Pwoblèm dijestif
- Rejim pandan w ansent
- Maladi sik
- Tansyon wo
- Nitrisyon Spò
- Rejim vejetaryen oswa vejetalyen
- Planifikasyon repa
- Nitrisyon pedyat
- Fòme abitid an sante
- Ak lòt bagay toujou
- And more

KONSÈY NITRISYONÈL TELADOC

- Jwenn yon plan rejim pèsonalize pou satisfè bezwen sante w yo
- Pwograme konsiltasyon w 7 sou 7 (7 AM pou 9 PM lè lokal)
- Pale ak yon dyetetis pwofesyonèl nenpòt kote w ye a

TELADOC & KONSÈY TELADOC GENYE YON KOPEMAN DE \$0

BENEFIS MEDIKAL

KLINIK BYENNÈT THE BREAKERS OPERE PA MARQUEE HEALTH

Disponib pou manm ekip ak konjwen yo ki sou plan medikal The Breakers la, gratis:

- Depistaj Byometrik
- Advise Sou Byennèt

Yo ofri detanzantan pou manm ekip ki kalifye yo:

- My Wellness Journey avek Dr. Finley.
- Yon klas konplè ki baze sou rechèch ki ankouraje byennèt jeneral ak yon vi ki an sante

OPERASYON KLINIK BYENNÈT

Adrès: 40 Cocoanut Row, Palm Beach, FL 33480

Orè: Lendi — Vandredi | 8 AM - 4:30 PM

Telefòn: (561) 650-6976 Ext. 6976

Imèl: thebreakerswellnessclinic@mywellportal.com

Sit entènèt: thebreakers.com/wellnessclinic

DERMATOLOGY ONSPOT

Swen dèrmatologik mobil sou plas ki pa gen okenn kopeman. Egzamen byennèt, dyagnostik, ak tretman po kondisyon. Ofri detanzantan pandan tout ane a.




KONTAKTE CHAD PIERRE

Despitage Byometrik Ak Coaching Sante

Weekly biometric screening events
and personalized one-on-one health
consultations.

Telefòn: (561) 650-6976

Imèl: cpierre@marqueehhealth.com



ENSANTIF BYENNÈT

Nou fòtman ankouraje manm ekip ak konjwen yo ki anwole nan plan medikal The Breakers la pou yo patisipe nan ensantif byennèt la. Konplesyon yon depistaj byometrik se sèl bagay ou oblige fè pou jwenn ensantif epay lajan an.

- Poukisa fè depistaj? Konnen nimewo metrik sante kle w yo kapab pwoteje sante w, endike risk ou pou sèten kondisyon sante epi endike aksyon awopriye pou redwi chans pou devlope maladi nan kè, maladi sik ak lòt maladi grav.
- Kilè pou fè depistaj la? Yon fwa w fin anwole nan asirans medikal The Breakers la.
- Manm ekip ak konjwen sou plan medikal The Breakers la pral chak jwenn epay \$600 sou prim plan asirans anyèl yo depi yo fè yon sèl etap fasil – yon depistaj byometrik.
- Pou manm ekip yo ki sou plan medikal la aktyèlman, ki fè depistaj ant 1e septanm 2024 – 30 jen 2025 elijib pou jwenn epay lan pou ane plan ki kòmanse 1e septanm 2025 la.
- Manm ekip (ak konjwen yo) ki fenk antre nan plan nan kapab pwogramme yon depistaj byometrik apre nou fin anwole nan SmartBen.
- Depistaj la gratis pou ni manm ekip la ni konjwen li.
- Tout enfòmasyon pèsonèl sou sante, sa enkli rezulta depistaj yo, jere pa Marquee Health atravè yon dosye medikal elektwonik ak pòtal ki konfòme ak règ HIPAA yo.
- Yo p ap pataje enfòmasyon pèsonèl sou sante pyès moun avèk The Breakers.
- Marquee Health pral pataje rezulta tès yo an konfidansyalite avèk manm ekip la oubyen konjwen li.
- Yon depistaj byometrik yo genyen ladan yo mezi pou wotè, pwa, sikonferans senti, tansyon, glikoz (pandan w fè jèn), trigliserid ak kolestewòl.
- Pou aprann plis sou rezulta depistaj byometrik ou ak byennèt global, ekip Marquee Health nan Klinik Byennèt la ofri antrènman sante gratis.

Twa opsyon yo pou fè depistaj la se:

KLINIK BYENNÈT NAN 40 COCOANUT ROW TÈS BYOMETRIK	LABCORP KI PRE LAKAY OU FOK OU GEN DOKUMEN KI SOTI DE NURSE OUBYEN KLINIK BYENNÈT	DOKTE PRINSIPAL OU (PCP) FOK OU GEN DOKUMEN KI SOTI DE NURSE OUBYEN KLINIK BYENNÈT
--	--	--

LabCorp se andeyò rezo ki ta dwe itilize sèlman pou yon tès byometrik ki gen yon r ekizisyon laboratwa nan klinik la Byennèt. San demann lan, ou pral sijè a yon bòdwo.

- Se sèl twa opsyon sa yo ki genyen. Konsa sa asire tout fòmilè laboratwa yo kode pou Marquee Health epi tout rezulta yo ale nan pòtal sekirize yo a pou presizyon.
- Nou p ap aksepte rezulta tès laboratwa ki sòti nan okèn lòt sous.



ske w gen kesyon oubyen bezwen èd pou mete randevou?
Rele Klinik Byennèt The Breakers la nan Ext. 6976 oubyen (561) 650-6976.

My Bio

ASIRANS DANTÈ

The Breakers founi asirans dantè atravè Cigna. Ou gen chwa ant yon plan DHMO oubyen PPO. Plan DHMO a ofri kouvèti Andan-Rezo yo a sèlman epi ou oblige chwazi yon dantis Swen Prensipal. Plan PPO a genyen twa nivo swen: Dantis ki gen kontra PPO Advantage, dantis ki gen kontra PPO ak kouvèti An Deyò-Rezo (dantis yo pa gen kontra avèk yo).

DHMO ANDAN-REZO	PPO ANDAN OUBYEN AN DEYÒ-REZO
--------------------	-------------------------------------

Tablo anba a souliyen avantaj ki genyen nan twa nivo sa yo. Lè w chwazi yon dantis an deyò rezo PPO Cigna a, pri w ap responsab pou peye pou yo ap pi wo epi w ka oblige pran “faktirizasyon balans” pou fre founisè a ki depase fre nan kontra oubyen Abityèl, Nòmal ak Rezonab (UCR) kontra Cigna a pèmèt. Ou kapab jwenn founisè dantè ki patisipe nan plan nan (Andan-Rezo) depi w ale sou sit entènet Cigna a.

Si w anwole nan plan PPO a, annik fè dantis ou konnen si w kouvari anba Cigna. Ou pa bezwen yon kat ID manm. Si w vle yon kat, ou kapab telechaje app la oubyen ale sou sit entènet manm Cigna ki sekirize a.

Tanpri Remake: PPO – Benefis maksimòm yo baze sou yon ane plan. Benefis yo sibi yon Kalandriye Fre, ki sou SmartBen.

AKSÈ NAN REZO A	PLAN 1		PLAN 2	
	ANDAN-REZO	DHMO	ANDAN-REZO	ANDAN-REZO
Tip Plan	Swen Dantè Cigna		PPO Dantè Cigna	
Rezo	Okèn		\$2,000	
Benefis Maksimòm pou Ane Plan	Okèn			
F	Responsabilite Pa W		Responsabilite Pa W	
Franchiz Endividylèl	Okèn	\$25	\$50	\$50
Franchiz Fanmi	Okèn	\$75	\$150	\$150
Deskripsiyon Dantè				
Prevantif-Klas I	San Fre		San Fre	
Debaz-Klas II	10% Apre PYD		20% Apre PYD	
Majè-Klas III	40% Apre PYD		50% Apre PYD	
Egzamen Woutin - 9430	San Fre	San Fre	San Fre*	
Netwaye Dan (chak 6 mwa) - 1110	San Fre	San Fre	San Fre*	
Radyografi Tout Bouch / Panoramik - 0330	Kalandriye Fre**	San Fre	San Fre	San Fre*
Plonbaj - 2140		10% Apre PYD	20% Apre PYD	20% Apre PYD*
Endodonti - 3330		10% Apre PYD	20% Apre PYD	20% Apre PYD*
Detatraj Paradontal - 4341		10% Apre PYD	20% Apre PYD	20% Apre PYD*
Inlay ak Onlay - 6600 / 6608		40% Apre PYD	50% Apre PYD	50% Apre PYD*
Dentè Konplè oswa Pasyèl - 5110		40% Apre PYD	50% Apre PYD	50% Apre PYD*
Kouwòn Dantè - 6750		40% Apre PYD	50% Apre PYD	50% Apre PYD*
Otodonti pou Timoun ak Granmoun			Timoun Rive Laj 19 Lane	
Benefis	Kalandriye Fre**	50%, Pa gen PYD Otodonti		
Kopeman Maksimòm pou Tout Lavi		\$1,500		

*Fre An Deyò-Rezo yo kapab sibi yon franchiz ki pi wo ak limitasyon sou fre Cigna rekonèt.

**Kalandriye Fre a sou SmartBen.

RECHÈCH FOUNISÈ DANTÈ CIGNA

Pou jwenn founisè ki patisipe nan plan nan (Andan-Rezo), tanpri ale sou cigna.com. Si w vle yon kat, ou kapab telechaje app la oubyen ale sou sit entènet sekirize a sou mycigna.com, klike pou enskri kòm yon manm Cigna epi w ap kapab enprime yon kat pou ou menm ak depandan w yo.



cigna
healthcare

For Medicare For Providers For Brokers For Employers Search Español

For Individuals & Families: [Shop for Plans](#) [Member Guide](#)

[Find a Doctor](#)

[Log in to myCigna](#)

Klike sou Find a Doctor oswa Log in to myCigna (metòd prefere).

How are you Covered?

Employer or School

Healthcare.gov or Direct Purchase

Medicare

Find a Doctor, Dentist, or Facility in

Enter Address, City, or Zip

Doctor by Type

Doctor by Name

Health Facilities

Please Select a Plan

CIGNA DENTAL CARE DHMO	Cigna Dental Care Access (formerly Cigna Dental Care HMO)	Anba Select a Plan chwazi Cigna Dantè Care Access Network pou plan DHMO a oubyen Total Cigna DPPO Network pou plan PPO a.
Cigna Dental Care Access Plus		
DPPO/EPO		
Total Cigna DPPO (Cigna DPPO Advantage and Cigna DPPO)		
Cigna DPPO Advantage		

Klike sou Anplwayè or School Anba How are you Covered?

Mete adrès lakay w anba Find a Doctor, Dentist, or Facility in epi chwazi tip dantis la anba Doctor by Type.

BENEFIS VIZYON

ASIRANS VIZYON

The Breakers founi asirans vizyon atravè VSP. Pwogram vizyon VSP founi swen vizyon de kalite ki abòdab. Atravè rezo founisè VSP a, ou kapab jwenn yon egzamen vizyon konpreyansif, osi byen ke linèt (vè ak monti) oubyen vè kontak nan plas linèt.

Annik fè founisè swen vizyon w konnen si w kouvri anba VSP. Ou pa bezwen yon kat ID manm. Si w vle yon kat, ou kapab ale sou sit entènet manm VSP ki sekirize a sou vsp.com, klike pou enskri kòm manm VSP epi w ap ka enprime yon Kat Vizyon Manm VSP.

Revize rezime pwogram swen vizyon anba a avèk atansyon epi pwofite de benefis sila a ki enpòtan anpil.

TIP PLAN	PLAN DEBAZ		PLAN AMELYORE	
Aksè nan Rezo	Andan-Rezo	An Deyò-Rezo	In-Network	Out-of-Network
Byennèt Swen Je				
Egzamen Je	Kopeman \$10	Ranbouse Jiska \$45	Kopeman \$10	Ranbouse Jiska \$45
Frekans	Yon Fwa Chak 12 Mwa		Yon Fwa Chak 12 Mwa	
Vè				
Vizyon Inik	Kopeman \$25	Ranbouse Jiska \$30	Kopeman \$25	Ranbouse Jiska \$30
Bifokal	Kopeman \$25	Ranbouse Jiska \$50	Kopeman \$25	Ranbouse Jiska \$50
Trifokal	Kopeman \$25	Ranbouse Jiska \$65	Kopeman \$25	Ranbouse Jiska \$65
Frekans	Yon Fwa Chak 12 Mwa		Yon Fwa Chak 12 Mwa	
Monti Linèt				
Monti W Chwazi	Alokasyon \$170 + 20% Rabè sou Rès la	Ranbouse Jiska \$70	Alokasyon \$200 + 20% Rabè sou Rès la	Ranbouse Jiska \$70
Amelyorasyon Solè	Alokasyon \$170 ak kopeman \$25 pou Linèt Solèy San Preskripsyon nan plas Linèt oswa Vè Kontak Preskripsyon	N/A	Alokasyon \$200 Allowance ak kopeman \$25 pou Linèt Solèy San Preskripsyon nan plas Linèt oswa Vè Kontak Preskripsyon	N/A
Frekans	Yon Fwa Chak 24 Mwa		Yon Fwa Chak 12 Mwa	
Vè Kontak	Nan Plas Tout Lòt Benefis Linèt			
Elektif	Alokasyon \$130; mezi & evalyasyon egzamen p ap depase kopeman \$60	Ranbouse Jiska \$105	Alokasyon \$150; mezi & evalyasyon egzamen p ap depase kopeman \$60	Ranbouse Jiska \$105
Frekans	Yon Fwa Chak 12 Mwa		Yon Fwa Chak 12 Mwa	

RECHÈCH FOUNISÈ VIZYON VSP

Pou jwenn founisè ki patisipe nan pwogram sa a (Andan-Rezo), tanpri ale sou vsp.com. Ou kapab rele Sant Sèvis Kliyantèl VSP nan (800) 877-7195 ak kèleswa kesyon ou ka genyen konsènan founisè ki gen kontra avèk yo oubyen kouvèti yo.



Klike sou
Find a Doctor


FIND A DOCTOR

BENEFITS

OFFERS

EYEWEAR AND WELLNESS

PLAN OPTIONS



Are You a VSP Member?

You'll get the most out of your benefits when you log personalized benefits, look at your claim history, print Member ID Card, and more.

LOG IN

FIND A DOCTOR

BENEFITS

OFFERS

EYEWEAR AND WELLNESS

PLAN OPTIONS

SHOP

Find an Eye Doctor

To ensure you see an in-network eye doctor for your plan,

[Create an Account](#) or [Log In](#) before you search.

You'll get more and save more in-network!



LOCATION

OFFICE

DOCTOR

ZIP

OR

Street Address (optional)

CITY

1 ADVANCED SEARCH +

STATE

Chache selon Kòd Postal
oubyen Adrès, Vil ak Eta

Klike sou Advanced Search pou chwazi Rezo Doktè a epi chwazi Choice OUBYEN – Si w konekte nan kont ou, ou ka sote etap sa a kòm li pral rekonèt plan w.

KONT EPAY FLEKSIB (FSA)

FSA, oswa Kont Epay Fleksib, se yon benefis ou ka chwazi pandan Anwòlman Ouvè FSA a oubyen Anwòlman Nouvo Manm Ekip. Lè w kontribye lajan anvan-taks nan yon FSA, ou kapab epanye yon mwayen de 30% sou depans sante ak swen depandan. Ou pa oblige peye taks pewòl sou lajan ou kontribye w, ki kapab fè w epanye anpil lajan nan taks!

- Ane plan: FSA Swen Medikal & FSA Swen Depandan – 1e janvye pou 31 desanm
- Anwòlman disponib sou SmartBen pandan mwa novanm, epi l ap an vigè apati pwochen 1e janvye
- Ou oblige re-anwole epi re-chwazi kouvèti chak ane plan sou SmartBen

Konbyen mwen dwe kontribye?

Se ou menm ki deside konbyen lajan ou vle kontribye pou ane a rive nan maksimòm nan ki se \$3,300. Pou epanye maksimòm nan, fòk ou estime montan depans ou peye ou menm ki elijib pou ane k ap vini a avèk atansyon. Montan ou deziyen an pou ane a divize nan peman egal chak peryòd salè epi nou mete li nan yon kont FSA.

Itilize li oubyen Pèdi Li – Alokasyon Transferab

Si w pa peye depans elijib pou tout montan ou te chwazi mete nan FSA Swen Medikal ou nan ane plan aktyèl la, direktiv federal pèmèt ou transfere jiska \$660 ke w pa te itilize pou w sèvi avèk li pou depans nan pwochen ane a. Menm si pa genyen eleksyon FSA pou pwochen ane plan nan, ou gen posibilité pou depanse jiska \$660 nan eleksyon w sou depans swen medikal ou peye ou menm nan pwochen ane a.

FSA Swen Medikal

Chwazi FSA sa a pou peye pou kopeman, ekipman medikal, preskripsyon, depans dantè ak vizyon ou menm oubyen fanmi w peye.

Depans ki Elíjib:

- Akiponkti
- Swen Kiwopratik
- Kopeman pou Doktè ak Dantis
- Linèt ak vè kontak
- Twous glikoz
- Pwotèz odisyon ak pil
- Trètman enfètilite
- LASIK
- Otodonti
- Preskripsiyon

Pou wè yon lis depans ki elijib, ale sou ebcflex.com/elijibexpenses



KONT EPAY FLEKSIB (FSA)

FSA Swen Depandan

Ou kapab itilize fon FSA Swen Depandan pou peye pou depans ou dwe pou swen pitit ou ki depandan sou w ki pi piti pase laj 13 lane oubyen nenpòt depandan andikape ki abite ansanm avèk ou epi ou mete sou deklarasyon taks ou kòm depandan.



Pou yon depans Swen Depandan elijib pou ranbousman nan yon FSA Swen Depandan, fòk swen an pèmèt ou menm ak konjwen ou travay, chache travay aktifman, oubyen ale lekòl tan-plen.

Ou kapab mete jiska \$5,000 apa pou objektif sa a si w selibatè oubyen marye epi depoze yon deklarasyon taks jwenti. Si w marye epi ou menm ak konjwen w depoze deklarasyon taks separe, maksimòm nou chak kapab kontribye a se \$2,500.

Fon yo disponib apre Dediksyon Pewòl yo kredite sou kont FSA Swen Depandan ou an.

Depans ki Elíjib

Depans ki elijib pou FSA Swen Depandan an kapab elijib pou yon kredi taks sou deklarasyon taks federal ou a tou. Sonje ou pa kapab deklare menm depans yo pou ni FSA Swen Depandan ni pou kredi taks la. Pale avèk konseye taks pèsònèl ou pou detèmine ki altènatif ki pi bon pou w.

Swen Timoun

- Swen timoun nan yon kay oubyen enstalasyon swen lajounen
- Sant oubyen enstalasyon pou swen timoun ki malad
- 3K oubyen 4K
- Gadri oubyen lekòl matènèl
- Pwogram anvan ak apre lekòl
- Kan lajounen (sa a kapab enkli kan spò, kan konpyitè, elatriye)
- Fre transpò ki founi pa founisè swen depandan an pou transpò ale/sòti kote yo founi swen an

Swen Granmoun

- Sant swen granmoun lajounen
- Swen granmoun an gad (andan oubyen an deyò lakay)
- Fre transpò ki founi pa founisè swen depandan an pou transpò ale/sòti kote yo founi swen an

Pou plis detay sou kont FSA yo, konekte sou SmartBen.

THE HARTFORD

ASIRANS VI & LANMÒ & DEMANTELMAN AKSIDANTAL (AD&D)

Asirans Vi ak AD&D Debaz – Anplwayè a Peye Pou Sa a

Manm ekip tan-plen yo anwole otomatikman nan asirans vi ak lanmò & demantelman aksidantal (AD&D) debaz The Breakers la gratis.

- Nou bay manm ekip ki touche pa è yo yon benefis de \$20,000
- Montan asirans vi pou manm ekip ki touche salè fiks yo baze sou 2 fwa salè anyèl yo rive nan maksimòm \$500,000

Byenke The Breakers anwole w otomatikman nan plan asirans vi a, asire w mete benefisyè w sou pòtal SmartBen ou a. Ou kapab asire li la si w gade Paj Konfirmasyon w oubyen kontakte Resous lmen.

Asirans Vi ak AD&D volontè pou Manm Ekip Tan-plen yo

Ou kapab achte asirans vi ak lanmò & demantelman aksidantal (AD&D) volontè pou ou menm nan enkreman \$10,000 rive nan yon maksimòm \$500,000. Kouvèti a se “Garanti Pou Bay” (yo pa egzije prèv asirabilite) pou montan rive \$250,000, pou manm ekip ki fenk elijib yo pandan peryòd elijibilite inisyal ou.*

Asirans Vi ak AD&D volontè pou Konjwen W

Ou kapab achte kouvèti asirans vi ak lanmò & demantelman aksidantal (AD&D) pou konjwen w nan enkreman \$5,000 ki p ap ka depase 50% montan Asirans Vi ak AD&D manm ekip tan-plen an rive nan maksimòm \$250,000. Kouvèti a se “Garanti Pou Bay” pou montan rive \$30,000 pou peryòd elijibilite inisyal konjwen w.*

Si w chwazi achte Asirans Vi ak AD&D volontè pou ou menm (1) ki depase \$250,000, (2) apre 31 jou depi dat elijibilite inisyal ou oubyen (3) plis pase \$30,000 pou konjwen w, fòk ou ranpli yon fòmilè Prèv Asirabilite (Evidence of Insurability) (EOI) epi ou kapab oblige soumèt yon deklarasyon nan men doktè apre yon dat pi devan.*

Asirans Vi Volontè pou Pitit Ou

Ou kapab chwazi asirans vi pou pitit ou ki depandan sou w jis laj 19 lane, oubyen jis laj 25 lane si li yon etidyan tan-plen nan enkreman \$2,000 rive nan maksimòm \$10,000, ki p ap ka depase 50% nan montan asirans vi manm ekip tan-plen an. Prim nan enkli tout timoun depandan kèlkeswa kantite timoun ki kouvri. Tout timoun yo pral genyen menm montan an kòm benefis.

**Tout demann pou ajoute oubyen ògmanter kouvèti apre elijibilite inisyal pral oblige soumèt yon fòmilè Prèv Asirabilite (EOI) nan lespas 30 jou depi eleksyon. Demann pou kouvèti a pa gen apwobasyon otomatik epi nou p ap fè okèn dediksyon pewòl jiskaske The Hartford apwouve li, apwobasyon EOI a kapab pran jiska 60 jou.*





ASIRANS ANDIKAP – THE HARTFORD

ANPLWAYÈ A PEYE POU SA A

Andikap Tèm Kout (STD)

Tout manm ekip tan-plen ki touche pa è ak salè fiks anwole otomatikman nan pwogram STD The Breakers la gratis. Nan ka ou ta vin andikape swa poutèt maladi oswa blesi an deyò travay la epi ou pa kapab fè travay w, kouvèti STD pral sipleamente salè ou pèdi yo. Nouvo manman yo elijib pou benefis STD tou, swa 4 semèn pou akouchman nòmal oswa 6 semèn pou sezaryèn. Kouvèti STD kòmanse apre ou pèdi 14 jou travay poutèt yon maladi oswa blesi ki sètifye medikalman. Benefis yo peyab rive yon maksimòm 10 semèn andikap. Benefis la peye 50% nan salè w chak semèn jiska \$1,000 chak semèn.

Andikap Alontèm (LTD)

Manm ekip tan-plen ki touche salè fiks anwole otomatikman nan pwogram LTD The Breakers la gratis. Apre w itilize asirans Andikap Tèm Kout, genyen yon peryòd eliminasyon 90 jou anvan kouvèti LTD pral kòmanse ap peye pou revni ou pèdi. Si w apwouve, plan nan pral ba w salè w pèdi nan ka ou pa ka travay poutèt maladi oubyen yon blesi an deyò travay la, jiskaske w atenn peryòd benefis maksimòm nan.

Kontakte Ekip Benefis la pou asistans pou depoze yon reklamasyon nan benefits@thebreakers.com.

BENEFIS VOLONTÈ

Tout Benefis Volontè yo ki disponib pou manm ekip tan-plen yo atravè dediksyon pewòl apre-taks potab nan menm to a. Konjwen w ak pitit ou elijib pou kouvèti tou. Fòk pitit ou pi piti pase laj 26 lane.

Plan Dedonmajman Lopital Volontè: Founi pa The Hartford

Asirans Dedonmajman Lopital travay konplemantè pou kouvèti medikal epi li peye an plis de sa yon plan medikal te kapab kouvri oubyen pa kouvri. Li peye yon montan fiks apre premye jou entène lopital (\$1,000) ak yon montan spesifik chak jou pou chak jou entène lopital an plis. Plan sa a peye yon benefis siplémentè si w entène nan Inite Swen Entansif tou.

Plan Asirans Aksidan Volontè: Founi pa The Hartford

Pwoteje tèt ou kont depans ou pa t atann ki asosye avèk blesi aksidental an deyò travay la. Li ba w lajan kach pou depans medikal (menm si yo kouvri pa asirans medikal) ki enkli, men ki pa limite a, entène lopital, dislokasyon, ka zo kase, brile, laserasyon, konsiltasyon nan sal dijans, aparèy medikal ak benefis lanmò ak demantelman aksidental. Plan sa a genyen yon Benefis Depistaj Sante ladan li nan montan \$100 ki peyab chak ane pou chak moun ki kouvri.

Plan Maladi Grav avèk Kouvèti Kansè Volontè: Founi pa The Hartford

Li peye yon benefis tout yon sèl kou ba w dirèkteman, ki depase kèlkeswa lòt kouvèti ki an vigè aktyèlman pou ede ekilibre wo pri ki asosye avèk trètman yon maladi grav ki kouvri tankou kriz kadyak, konjesyon serebral, ensifizans renal tèminal, kansè ak lòt bagay toujou. Genyen yon Benefis Depistaj Sante ladan li nan montan \$50 ki peyab chak ane pou chak moun ki kouvri avèk politik sa a.

- Garanti Pou Bay – Pa genyen kesyon sante pou anwole kòm moun ki fenk anboche oubyen pandan anwòlman ouvè nou chak ane pou benefis rive jiska \$30,000
- Kouvèti Fanmi Disponib – Konjwen yo kouvri a 100% epi timoun ki pi piti pase laj 26 lane yo kouvri a 50% nan eleksyon benefis ou

Poukisa mwen bezwen sa a?

- Depans ou responsab pou peye yo monte byen rapid, pwiske asirans medikal majè kapab peye yon ti kal nan fakti a sèlman
- Ede soulaje fado finansye ki pa t planifye si gen aksidan
- Li konplemantè ak lòt asirans ou ka genyen, sa enkli kouvèti medikal ak andikap majè
- Yon lòt nivo pwoteksyon finansye kapab fè yon diferans nan yon moman lè ou menm ak fanmi w plis bezwen li

Benefis nan sòm total ka itilize pou:



KOS MEDIKAL



KAY



ÉD NAN KAY LA



MAKÈT



TRUSTMARK LIFE + CARE

Si janmè yon lè ta rive kote w pa ka pran swen tèt ou, bagay yo ka vin difisil – ak chè. Jwenn swen kapab yon defi, epi swen kapab koute plizye santèn dola chak jou.

Li ka rive nan nенpòt laj, a nенpòt moun: yon bagay pase mal, epi w kòmanse bezwen asistans avèk bagay debaz nan lavi kotidyen. Lè sa rive, Trustmark Life + Care® peye benefis kach ki kapab ede w abòde konfò ak kalite swen ou merite a. An plis, li double kòm asirans vi, avèk yon benefis lanmò ki peyab pou moun ki konte sou w yo.

Poukisa Trustmark Life + Care?

1. De kalite kouvèti nan youn sèl plan: resevwa toulede asirans vi pèmanan (benefis lanmò) ak benefis swen pou yon sèl pri abòdab.
2. Benefis yo kapab ede ak depans pou swen lè moman an rive, konsa w ka evite depanse tout sa w te epanye pou Retrèt ou oubyen mete twòp fado sou do fanmi w.
3. Benefis swen yo nou peye yo ba w lè w resevwa sèvis swen nan men swa yon pwofesyonèl oswa yon fanmi w.
4. Kouvèti disponib pou w sou baz garanti emisyon – nou pa poze kesyon sou zafè medikal, epi nou pa kapab refize w – jis nan limit yo pou montan benefis yo.
5. Gen garanti pou li dire pandan tout vi w: yon fwa w gen kouvèti, pri w pa ògmante pandan w vin gen plis laj.

Kòman Benefis Swen yo Mache

Polis Asirans Swen Alontèm ak Vi soti Trustmark disponib nan montan sa yo:

\$20,000, \$35,000, \$50,000, \$65,000 \$80,000, \$100,000.

Trustmark Life + Care peye benefis yo an kach, ba w dirèkteman, lè w bezwen èd avèk omwens de aktivite nan lavi kotidyen sou sis (pa egzanp, manje, benyen, oubyen mete rad) oubyen genyen yon defisyans koyitif grav (tankou Maladi Alzheimer's).

An plis de sa, benefis swen nou peye yo pa redwi benefis lanmò a, konsa yon benefis lanmò konplè disponib pou benefisyè w yo menm apre w touche benefis swen yo! Sa a kapab ògmante valè maksimòm kouvèti w la anpil. Remake: poutèt kondisyon w pa oblige pèmanan pou w touche benefis yo, lajan w resevwa kapab ede w rekipere endependans ou.

Benefis lanmò a desann rive 33% lè w vin gen laj 70 lane oubyen 10yèm anivèsè sètifica w, sa ki rive pita a. Sepandan, benefis swen w yo pa janm redwi epi yo rete nan menm nivo wo a menm lè w vin pi aje.

Kouvèti pou Konjen – Aplike pou kouvèti Trustmark Life + Care pou konjen w osi byen ke tèt ou. Plan konjen w la pral genyen menm karakteristik yo ladan li ak pa w la. (Montan kouvèti pou konjen an limite nan yon pòsyon nan montan an pou anplwaye yo.

BEYOND MED

Kote sante, kwaze ak byennèt. Yon pwogram rabè pou manm pou amelyore envestisman pi enpòtan w an: ou menm.

Poukisa Beyond Med?

Eleve sante w ak byennèt ou lè w jwenn aksè nan yon rezo pwopriyete doktè ki sètifye pa komite ak founisè ki lisanse nan pri redwi sou sèvis elektif ak kosmetik.

- 3,000 + Founisè
- 15 Espesyalite
- 2,500+ Biwo
- 400+ Trètman

Benefis pou Manm yo

- Aksè Pèsonalize nan Rezo – ak milye de founisè elektif ak kosmetik nan pri redwi
- Sèvis Konsyèj – yon ekip konsyèj pou gide w ak yon aplikasyon mobil ki fasil pou itilize
- Ekonomize San Limit – pa gen peryòd datant ni limit sou itilizasyon benefis yo (itilize li osi souvan ke w vle.)

Save on Services Like

- | | |
|--|---|
| <ul style="list-style-type: none"> • Byennèt Mantal • Spa Medikal • Fizyoterapi • Chirijiri Plastik • Chirijiri pou Vizyon • Terapi Venn • Veterinè • Pèdi Pwa | <ul style="list-style-type: none"> • Akiponkti • Anti-Aje • Baryatrik • Kiropraktik • Dèmatoloji • Fètilite • Restorasyon Cheve • Odisyon |
|--|---|



LEGAL SERVICES: PROVIDED BY PREFERRED LEGAL

Plan Preferred Legal la se yon pwogram pwoteksyon legal konpreyansif ki fèt pou ede endividé ak fanmi yo jere divès pwoblèm legal 24 sou 24, 7 sou 7. Pwogram sa a enkli, men li pa limite a, sèvis konfidansyèl gratis oubyen a pri redwi tankou:

- Konsèy legal nan telefòn oubyen fasafas
- Revizyon dokiman legal
- Preparasyon testaman ak testaman senp pou manm ekip la ak Konjwen li
- Konsèy sou finans ak pwoteksyon byen
- Sèvis Notè

PWOTEKSYON KONT VÒL IDANTITE: FOUNI PA ALLSTATE ID PROTECTION (AIP)

Genyen yon plan Pwoteksyon Kont Vòl Idantite konpreyansif ki disponib atravè Allstate. Plan sila a siveye aktivite fwodilan konsa nou kapab jwenn li pi bonè. Si w ta tonbe viktim vòl idantite, sèvis restorasyon avoka konfidansyalite sèvis konplè kapab kòmanse. Sèvis yo enkli pwoteksyon si w ta pèdi bous ou ak siveyans kredi, idantite ak sibè. Ranbousman depans ou responsab pou peye ki gen rapò ak vòl idantite rive jiska \$1,000,000 pou salè w pèdi, fre legal ak lòt bagay toujou.

ASIRANS POU BÈT KAY: FOUNI PA NATIONWIDE

Asirans pou Bèt Kay atravè NationWide konsiste ak de chwa pou plan oubyen yon kombinezon toulede plan yo pou ede w chwazi ki plan medikal pou bét kay ki pi bon pou bezwen w yo. Plan sa yo pèmèt ou sèvi ak pwòp veterinè pa w. Benefis sa a pa disponib atravè dediksyon pewòl. (faktirizasyon dirèk sèlman)

Plan Sèvis Byennèt Sèlman:

- Egzamen Byennèt
- Vaksen
- Prevansyon pis ak vè kè

Plan Medikal Maje Konpreyansif:

- Aksidan ak maladi komen (sètadi enfeksyon zòrèy ak gratèl)
- Maladi grav (sètadi kansè, aleji ak maladi sik)
- Chirijiri
- Medikaman preskripsyon
- Lopitalizasyon

T. ROWE PRICE – PLAN DEPAY 401(K)

Manm ekip ki travay tan-plen, tan-pasyèl ak sou-demann yo (laj 18+) elijib pou yo patisipe nan Plan Depay Retrèt 401(k) The Breakers la epi yo kapab chwazi pou yo kontribye 1 - 50% nan revni brit yo. Yon 401(k) enkli kontribisyon pèsònèl ak benefis konpayi a matche.



Benefis Plan nan

- Manm ekip yo posede 100% nan tout kontribisyon finansye pèsònèl ki envesti nan 401(k) yo a
- The Breakers matche premye **6%** nan kontribisyon revni brit, dola pou dola, sou baz trimèstryèl
- Sa The Breakers matche a pou manm ekip la a 100% apre yo konble senk (5) lane anplwa; pou chak ane sèvis yo konplete pandan ane 1 – 5, manm ekip yo kenbe 20% nan kontribisyon an ki matche a (pa egzanp: 20% apre premye ane a, 40% apre dezyèm ane a, elatriye).
- Nou ofri 401(k) Roth ak 401(k) Tradisyonèl Anvan-taks
- Manm ekip yo kapab transfere plan retrèt ansyen anplwayè yo nan 401(k) The Breakers la

Detay sou Anwòlman

- Elijibilite pou anwòlman se 60 jou apre dat anbochaj
- Kontribisyon yo kòmanse nan premye jou nan pwochen mwa a
- Chak ane, kontribisyon manm ekip yo ògmante 1% otomatikman jiskaske li rive nan kontribisyon maksimòm nan ki se 15% (ou kapab fè ajisteman manyèlman nenpòt lè)

Kijan Pou Anwole oubyen Fè Ajisteman

- Ale sou troweprice.com
- Telechaje app T. Rowe Price la
- Rele (800) 922-9945
- Mete randevou avèk yon Konseye Finansye SageView



PWOGRAM BYENNÈT FINANSYÈ

Gwoup Konsèy SageView, yon antrepriz konsèy sou plan retrèt, bay edikasyon finansye ak konsèy sou envestisman gratis pou tout manm ekip yo.

Sèvis yo Enkli

- Anwòlman ak planifikasyon retrèt 401(k)
- Planifikasyon finansye: analiz chèk travay ak estrateji epay/bidjè/envestisman
- Repòn kesyon: Medicare, Sekirite Sosyal, jesyon dèt, planifikasyon/pre siksesoral ak Plan Epay 529 pou Edikasyon



KONTAKTE MARESSA ETZIG

Pwogramme yon konsiltasyon prive an pèsòn oubyen nan telefòn; genyen seyans an gwoup disponib tou.
Imèl: metzig@sageviewadvisory.com
Telefòn: (561) 284-0699



LÒT BENEFIS

PWOGRAM ASISTANS POU ANPLWAYE (EAP)

Li fasil pou konekte avèk BHS - Pwogram Asistans pou Anplwaye (EAP). Genyen sis seyans konsèy, pou chak sijè. 24 sou 24, 7 sou 7. Swen konfidansyèl ou menm ak moun lakay w yo kapab aksede gratis.



Call

Text

Live Chat

Online Form

Mobile App

Emergency
24 HoursUrgent
48 HoursRoutine
5 Days

Sèvis EAP yo Enkli


- Sipò ak konsèy kriz nan moman ou bezwen li
- Divès sijè tankou, difikilte Emosyonèl, Finansye, Legal, ak Relasyon
- Planifikasyon swen pèsonalize
- Fasilitasyon randevou
- Sipò kontinye ak swivi

Antrènman Sante Mantal, Konsèy Tèm-kout ak Pi Wo Nivo Swen

1. Kontakte BHS epi konekte avèk yon Kowòdinatè Swen dedye ki metrize
2. Kowòdinatè Swen an pral sekirize yon randevou pou w a tan, selon preferans ou yo (kote a, an pèsòn, telefòn oubyen vityèl)

Wa jwenn èd ak yon sèl koud fil.

Rele oubyen voye yon tèks pou aksede sèvis yo



Rele 800-327-2251

Genyen sipò gratis, konfidansyèl, nan moman ou bezwen an disponib 24 sou 24, 7 sou 7 pou ede ak pwoblèm pèsonèl oubyen travay ki te ka entèfere avèk responsabilite w yo. Yon Kowòdinatè Swen pral pran apèl ou an konfidansyalite epi ede avèk ijans epi konekte w ak resous apwopriye.

Voye yon tèks nan 800-327-2251

Poze kesyon sou pwogram nan, jwenn sipò nan moman ou bezwen an oubyen inisyé sèvis. Yo pral repòn tout tèks yo anvan youn jou ouvrab.



KONEKSYON EAP

Sit entènet: portal.bhsonline.com

ID Òganizasyon: THEBREAKERS



BRIGHT HORIZONS

Benefis sa yo enkli: Swen Bakòp, Leson Patikilye ak Sipò Amelyore.

Pwogram Avantaj Swen Bakòp

Tout manm ekip yo kapab konte sou Pwogram Avantaj Swen Bakòp Bright Horizons la, kote ak lè ou plis bezwen li. Pann nan aranjman swen timoun oubyen gramoun nòmal ou yo kapab lakòz deranjman ki strese w epi ki kapab afekte kapasite w pou w balanse demann pèsònèl ak pwofesyonèl avèk siksè.

Kilè Pou Itilize Swen Bakòp

- Gadyen/konjwen ki rete lakay nòmalman pa disponib
- Fanmi w ki swa ptit oswa granmoun malad lejèman
- Lekòl fèmen pou vakans, jou fèt oubyen jounen nan sèvis
- Tranzisyone ant aranjman swen timoun oubyen granmoun
- Vwayaj pou biznis, demenaje oubyen chanjman nan orè travay
- Tranzisyone sòti nan konje matènité
- Ou menm, ptit ou oubyen fanmi w ki granmoun ap rekipere nan yon trètman medikal

Swen Back-Up Disponib Pou:

- Swen Timoun
- Swen Granmoun ki Aje



TWA ETAP FASIL

1. Enskri pou swen anliy oubyen sou telefòn
2. Fè yon rezèvasyon anliy oubyen sou telefòn
Phone: (877) 242-2737
Website: backup.brighthorizons.com
3. Complete your Care Profile

Limit yo ak Pri yo

- Jiska 15 jou swen pou chak manm ekip pou chak ane fiskal
- Kopeman pou swen nan yon sant = \$15 chak timoun chak jou, maksimòm \$25 chak fanmi chak jou
- Kopeman pou swen lakay w = \$6 pa è pou chak moun ki bay swen

LÒT BENEFIS

Leson Patikilye Vityèl oswa an pèsòn pou granmoun

Leson patikilye vityèl pou granmoun kapab ede moun laj 18+ k ap aprann nan 3,000 sijè, sa enkli sètifikasyon pwofesyonèl. Kit ou bezwen èd ak devwa pitit ou, kit w ap retounen lekòl epi bezwen èd ak pwòp devwa pa w, kit w ap eseye aprann yon nouvo lang, kit w ap etidye pou fè yon nouvo sètifikasyon, kit ou vle aprann yon konpetans pwofesyonèl tankou diskou piblik, kit se tout bagay sa yo, benefis leson patikilye Bright Horizons® ou rann lavi pi fasil. Epi an plis de sa, li trè abòdab konpare ak lòt pwogram leson patikilye.

- Reyini pèsònèlman avèk ekspè ki sòti nan Sylvan Learning ak Varsity Tutors
- 4 Èdtan leson patikilye = 1 kredi ak kopeman \$15
- Fòk ou sèvi ak seyans ou rezève yo nan lespas 90 jou sinon w ap pèdi yo
- Sa a disponib pou ou menm ak depandan w yo laj 5+, etidyan invèsite ladan l

Leson Patikilye Vityèl oswa an pèsòn pou timoun

Rezève yon titè ki gen eksperyans ki kapab ede pitit ou laj 5 lane rive 18 lane rete sou wout pandan ane skolè a oubyen vakans ete. Jwenn èd enstan sou devwa nan 300+ sijè pou sipò vize nan matematik oubyen lekti.

Kan Vityèl

Yo ofri sa a lendi pou vandredi kòmanse a 9 AM pou 8 PM ET pou timoun laj 3 – 12 lane, epi benefis vityèl sa a bay pitit ou divès aktivite entèaktif ki tout dirije pa pwofesè ki angaje. Itilize benefis Swen Bakòp ou pou rezève plas pitit ou epi kenbe yo okipe nan konfò lakay pa w.



Pou enskri, kreye yon kont avèk Bright Horizons epi kreye Pwofil Swen w.



SWEN MOTIVITE

Swen Motivite retire konpleksite a nan jeson bay swen nan chak etaj lavi granmoun. Èske ou menm ak moun ou renmen yo pare pou kounye a ak fiti a avèk enfòmasyon lavi nou òganize, aksesib ak ajou? Swen Motivite ofri solisyon an.

Platfòm MC Life Intell


- Lojisyèl ak App Mobil an Anglè ak Panyòl
- Pi bon teknoloji nan klas la pou kenbe enfòmasyon medikal, legal ak pèsònèl esansyèl sekirize ak aksesib 24 sou 24, 7 sou 7

Benefis pou Anplwaye yo

Swen Motivite pral founi inisyasyon ak fòmasyon an gwoup pou Platfòm MC Life Intell ak sèvis yo.

- Atelye ak webinè pratik
- Sipò/liy asistans teknoloji

Nou ofri sa a kòm dediksyon pewòl pou anplwaye nou yo



EGZANP

Ou chwazi ajoute papa w nan kont Swen Motivite w.

Papa w abite nan yon lòt eta epi li fè aksidan ki mande li entène lopital pandan 48 èdtan. Kòm ou sere enfòmasyon enpòtan li yo sou Swen Motivite, w ap kapab idantifye kiyès ki doktè li yo, ki medikaman l ap pran yo, aleji li fè yo, epi menm bagay lakay li tankou moun ki konn voye je sou bêt kay li yo, ki bòdwo li dwe, modpas, vwazen pou kontakte ak anpil lòt bagay toujou.

Pakè konsyèj* pèsonalize disponib tankou:

- Ofri rekòmandasyon ak mete randevou
- Verifye resous sou demann w
- Rekòmandasyon ak kowòdinasyon pou tranzisyon lavi
- Jere defi medikal ou pa t atann

*Pakè konsyèj genyen yon pri siplémentè ak òf Benefis Anplwaye



KONTAK ENPÒTAN

RESOUS / FOUNISÈ SÈVIS	DETAY YO
Medical Insurance Blue Cross Blue Shield of Florida	(800) 830-1501 myhealthtoolkitfl.com
Dennis Ashwood Blue Cross Blue Shield of Florida Concierge	(561) 653-6362 Ext. 7043 dennis.ashwood@bcbsfl.com
The Breakers Wellness Clinic Operated by Marquee Health	(561) 650-6976 Ext. 6976 thebreakerswellnessclinic@mywellportal.com thebreakers.com/wellnessclinic
Dental Insurance Cigna	(800) 244-6224 mycigna.com
Vision Insurance VSP	(800) 877-7195 vsp.com
Flexible Spending Account Employee Benefits Corporation	(800) 346-2126 ebcflex.com
Basic and Voluntary Life and AD&D, Short Term Disability and Long Term Disability Insurance The Hartford	(800) 523-2233 thehartford.com/resources/employeechoice
Voluntary Benefits - Hospital Indemnity, Accident Insurance and Critical Illness with Cancer Coverage The Hartford	(800) 523-2233 thehartford.com/resources/employeechoice
Employee Assistance Program BHS	(800) 327-2251 portal.bhsonline.com (ID: THEBREAKERS)
401(k) Savings Plan T. Rowe Price	(800) 922-9945 troweprice.com
Financial Wellness Program Maressa Etzig - SageView Advisory Group	(561) 284-0699 metzig@sageviewadvisory.com
Life and Care Insurance Trustmark	(866) 813-7192 x3 trustmarkvb.com
Health and Wellness Membership Program Beyond Med	(844) 267-6192 beyondmedplans.com
Legal Services Preferred Legal	(888) 577-3476 preferredlegal.com
Identity Theft Protection Allstate ID Protection	(800) 789-2720 myaip.com
Pet Insurance Nationwide	(800) 540-2016 petinsurance.com/thebreakers
Back-Up Care Advantage Program Bright Horizons	(877) 242-2737 backup.brighthorizons.com
Caregiving Management Services Motivity Care	(844) 424-2021 info@motivitycare.com
Cara Striluk Benefits Services Manager	(561) 653-6661 cara.striluk@thebreakers.com
Jewel Lepoff Benefits Services Specialist	(561) 653-6646 jewel.lepoff@thebreakers.com
Stephanie Twohill Benefits Services Coordinator	(561) 653-6362, ext. 7510 stephanie.twohill@thebreakers.com

AVI & DIVILGASYON ANYÈL SOU ANWÒLMAN POU 2024

THE BREAKERS PALM BEACH 1E SEPTANM 2024

Si ou (ak/oswa depandan w yo) genyen Medicare oubyen pral vin elijib pou Medicare pandan pwochen 12 mwa k ap vini yo, yon lwa Federal ba w plis chwa sou kouvèti w pou medikaman preskripsyon. Tanpri gade sou paj 48 & 49 kote Avi sou Kouvèti Onorab la kòmanse pou plis detay.

AVI SOU MACHE A

Nouvo Opsyon Kouvèti Mache Asirans Medikal ak Kouvèti Medikal Ou

PATI A: Enfòmasyon Jeneral

Lè pati kle nan lwa sou sante medikal la kòmanse an 2014, pral genyen yon nouvo fason pou achte asirans medikal: Mache Asirans Medikal la. Pou nou ede w pandan w evalye opsyon pou w ak fanmi w, avi sa a bay kèk enfòmasyon debaz sou nouvo Mache a ak kouvèti medikal travay anplwayè w ofri.

Kisa ki Mache Asirans Medikal la?

Mache a fèt pou li ede w jwenn asirans medikal ki satisfè bezwen w yo epi bon pou bidjè w. Mache a ofri "acha yon sèl kote" pou w jwenn ak konpare opsyon pou asirans medikal prive. Epi tou ou gen dwa elijib pou yon nouvo kalite kredi taks ki bese prim chak mwa w touswit. Anwòlm an ouvè pou kouvèti asirans medikal atravè Mache a kòmanse an Oktòb 2013 pou kouvèti ki kòmanse osi bonè ke 1e Janvye 2014.

Èske Mwen Ka Epanye Lajan sou Prim Asirans Medikal mwen yo nan Mache a?

Ou gen dwa kalifye pou epanye lajan epi bese prim chak mwa w, men sèlman si anplwayè w pa ofri kouvèti, oubyen ofri kouvèti ki pa satisfè sèten estanda. Sa w ka epanye sou prim ou depann sou revni lakay w.

Èske Kouvèti Medikal Anplwayè Afekte Elijibilité pou Epay Prim atravè Mache a?

Wi. Si anplwayè w ofri kouvèti medikal ki satisfè sèten estanda, ou p ap elijib pou yon kredi taks atravè Mache a epi ou te ka vle anwole nan plan medikal anplwayè w. Sepandan, ou gen dwa elijib pou yon kredi taks ki bese prim ou chak mwa, oubyen yon rediksyon nan sèten pri pataje si anplwayè w pa ofri w kouvèti ditou oubyen pa ofri w kouvèti ki satisfè sèten estanda. Si pri yon plan nan men anplwayè w ki ta kouvri w (men pa okèn lòt moun nan fanmi w) depase 9.5% nan revni lakay w pou ane a, oubyen si kouvèti anplwayè w founi a pa satisfè estanda "valè minimòm" nan ki te fikse ak Lalwa sou Swen Abòdab la, ou gen dwa elijib pou yon kredi taks.¹

Remak: Si w achte yon plan medikal atravè Mache a olye w aksepte kouvèti medikal anplwayè w ofri a, lè sa ou gen dwa pèdi kontribisyon anplwayè a (si genyen) pou kouvèti ki ofri pa anplwayè. Epi tou, kontribisyon anplwayè sa a -osi byen ke kontribisyon anplwaye w nan kouvèti ki ofri pa anplwayè w- souvan eskli nan revni pou objektif taks Federal ak Eta sou revni. Peman w yo pou kouvèti atravè Mache a fèt sou baz apre- taks.

¹Yon plan medikal ki patwonize pa anplwayè satisfè "estanda valè minimòm nan" si sa plan nan kouvri nan total pri benefis pèmisib ki kouvri anba plan nan pa mwens pase 60 pouzan nan pri konsa yo.

LEGAL NOTICES

Kijan Mwen Ka Jwenn Plis Enfòmasyon?

Pou plis enfòmasyon sou kouvèti w anplwayè w ofri, tanpri tcheke deskripsyon plan rezime w oubyen kontakte Cara Striluk.

Mache a kapab ede w evalye opsyon w yo pou kouvèti, sa enkli elijibilite w pou kouvèti atravè Mache a ak pri li. Tanpri ale sou HealthCare.gov pou plis enfòmasyon, sa enkli yon demann anliy pou kouvèti asirans medikal ak kowòdone pou yon Mache Asirans Medikal nan zòn pa w.

PATI B: Enfòmasyon Sou Kouvèti Medikal Anplwayè w Ofri

Seksyon sa a genyen enfòmasyon sou kèlkeswa kouvèti medikal anplwayè w ofri. Si w deside ranpli yon demann pou kouvèti nan Mache a, yo pral mande w founi enfòmasyon sa yo. Enfòmasyon sa a asiyen nimewo ki pou korespòn ak demann Mache a.

3. Employer name The Breakers Palm Beach	4. Employer Identification Number (EIN) 59-0246320	
5. Employer address One South County Road	6. Employer phone number 561.653.6661	
7. City Palm Beach	8. State Florida	9. ZIP code 33480
10. Who can we contact about employee health coverage at this job? Cara Striluk		
11. Phone number (if different from above)	12. Email address Cara.striluk@thebreakers.com	

Men kék enfòmasyon debaz sou kouvèti medikal anplwayè sa a ofri:

- Kòm anplwayè w, nou ofri yon plan medikal pou:

Tout anplwaye yo.

Kék anplwaye. Anplwaye ki elijib yo se:

Manm ekip ki travay tan-plen ki travay pa mwayen 30 èdtan chak semèn oubyen plis. Ou elijib pou benefis asirans nan premye jou nan mwa apre 60 jou anplwa oubyen chanjman nan estati.

- Avèk respè ak depandan yo:

- Wi, nou ofri kouvèti. Depandan ki elijib yo se: konjen legal manm ekip ki kouvri oubyen ptit depandan manm ekip oubyen konjen manm ekip la ki poko marye. Nou pral kouvri ptit ki depandan yo jis fen mwa kote yo vin gen laj 26 lane.
- Nou pa ofri kouvèti.
- Si kare sila a kache, kouvèti sa a satisfè estanda valè minimòm nan, epi pri kouvèti sa a pou w fèt pou li abòdab, selon salè anplwaye yo.

**Menm si anplwayè w gen entansyon fè kouvèti w abòdab, ou gen dwa toujou elijib pou yon rabè sou prim ou atravè Mache a. Mache a pral itilize revni lakay w, ansanm ak lòt faktè, pou detèmine w si w te ka elijib pou yon rabè sou prim ou. Si, pa egzanp, salè w varye chak semèn (poutèt ou touche pa è oubyen ou travay pou komisyon), si w fenk anplwaye nan mitan ane a, oubyen si w genyen lòt pèt revni, ou gen dwa toujou kalifye pou yon rabè sou prim ou.

Si w deside chache kouvèti nan Mache a, HealthCare.gov pral gide w atravè pwosesis la. Se enfòmasyon anplwayè sa yo ou pral mete lè w ale sou HealthCare.gov pou detèmine si w ka jwenn yon kredi taks pou bese prim ou chak mwa.

KLÒZ NON-RESPONSABILITE

Montan plan nan peye pou sèvis ki kouvri ki founi pa founisè an deyò rezo a baze sou yon maksimòm montan pèmisib pou sèvis spesifik yo rann nan. Malgre plan w stipile yon maksimòm ou peye sòti nan pòch ou pou sèvis an deyò rezo a, tanpri remake montan maksimòm ki pèmisib pou yon pwosedi ki elijib kapab pa egal ak montan founisè An Deyò-Rezo a chaje. Founisè w An Deyò-Rezo kapab faktirize w pou diferans lan ant montan yo chaje ak montan maksimòm ki pèmisib la. Sa a rele faktirizasyon balans epi montan yo faktirize w la kapab anpil. Maksimòm ou peye sòti nan pòch ou ki dekri nan politik p ap enkli montan ki depase chaj pèmisib la ak lòt depans ki pa kouvri jan plan w defini a. Montan maksimòm ki ranbousab pou founisè an deyò rezo a kapab baze sou kantite kalandriye tankou yon pouvantaj nan rezonab ak abtyèl oubyen yon pouvantaj nan Medicare. Dokiman plan nan oubyen politik mèt konpayi a se dokiman ki kontwole a, epi Souliy Benefis sa a pa enkli tout tèm yo, kouvèti, esklizyon, limitasyon, ak kondisyon nan vre langaj plan nan. Kontakte moun ki peye reklamasyon w yo oubyen konpayi asirans lan pou plis enfòmasyon.

Dokiman sa a se yon apèsi sou kouvèti ki pwopoze pa founisè a (yo), ki baze sou enfòmasyon yo bay konpayi w. Li pa enkli tout tèm yo, kouvèti, esklizyon, limitasyon, ak kondisyon nan vre langaj kontra a. Fòk ou li politik yo ak kontra yo menm pou detay sa yo. Y ap fè fòmilè politik pou referans ou disponib sou demann.

Entansyon dokiman sa a se founi w ak enfòmasyon jeneral konsènan estati, ak/oswa sousi potansyèl ki gen rapò ak, anviwònman benefis anplwaye aktyèl ou yo. Li pa nesesèman adrese tout kesyon spesifik ou yo konplètman. Li pa dwe entèprete kòm, ni li pa fèt pou li founi, konsèy legal. Ou dwe adrese kesyon konsènan kesyon spesifik kote konsèy jeneral ou oubyen yon avoka ki spesyalize nan domèn pratik sa a.

LWA SOU SANTE FANM & DWA KANSÈ

Si w te fè oubyen pral fè yon mastektomi, ou kapab gen dwa a sèten benefis anba Lalwa 1998 sou Dwa Sante Fanm ak Kansè a (“WHCRA”). Pou endividé k ap resevwa benefis ki gen rapò ak mastektomi yo, yo pral founi kouvèti nan yon manyè ki detèmine an konsiltasyon avèk doktè k ap asiste a ak pasyan an, pou:

- Tout etaj rekonstriksyon sen kote mastektomi a te fèt;
- Chirijiri ak rekonstriksyon lòt sen a pou pwodwi yon aparans simetrik;
- Pwotèz; ak
- Trètman konplikasyon fizik mastektomi a, ki enkli lenfedèm.

Nou pral founi benefis sa yo epi yo kapab genyen menm franchiz yo ak ko-asirans ki aplikab ak lòt benefis medikal ak chirijiri plan nan founi. Konsa, se franchiz ak ko-asirans sa yo ki aplike:

Plan 1: Plan standard – Wo Franchiz (Endividé: 20% ko-asirans ak \$1,500 franchiz; Fanmi: 20% ko-asirans ak \$3,000 franchiz)

Plan 2: Plan deluxe - Low Deductible (Endividé: 10% ko-asirans ak \$1,000 franchiz; Fanmi: 10% ko-asirans ak \$2,000 franchiz)

Plan 3: Plan choice (Endividé: 10% ko-asirans ak \$1,000 franchiz; Fanmi: 10% ko-asirans ak \$2,000 franchiz)
Si w ta vle plis enfòmasyon sou benefis WHCRA yo, tanpri rele Administratè Plan w nan (561) 653-6661 oubyen cara.striluk@thebreakers.com.

LWA PWOTEKSYON SANTE TIBEBE & MANMAN

An jeneral, konpayi ki founi plan medikal ak asirans medikal an gwoup yo kapab pa, selon lalwa Federal, mete restriksyon sou benefis pou okèn dire entène lopital ki lye avèk akouchman pou manman an ni tibebe ki te fèt la a mwens ke 48 èdtan apre yon akouchman vajinal, oubyen mwens ke 96 èdtan apre yon sezaryèn. Sepandan, an jeneral lalwa Federal pa entèdi founisè k ap asiste manman an oubyen tibebe ki te fèt la, apre yo fin konsilte ak manman an, dechaje manman an oubyen tibebe li ki fenk fèt la anvan 48 èdtan (oubyen 96 èdtan jan sa aplikab). Antouka, plan ak konpayi ki founi yo pa kapab, selon lalwa Federal, egzije yon founisè medikal akeri otorizasyon nan men konpayi ki founi plan nan oubyen asirans lan pou yo preskri yon dire ki pa depase 48 èdtan (oubyen 96 èdtan).

ASISTANS PRIM ANBA MEDICAID & PWOGRAM ASIRANS MEDIKAL TIMOUN (CHIP)

Si ou oubyen ptit ou elijib pou Medicaid oubyen CHIP epi w elijib pou kouvèti medikal nan men anplwayè w, eta w kapab genyen yon pwogram asistans prim ki kapab ede peye pou kouvèti, sèvi ak fon ki sòti nan pwogram Medicaid oubyen CHIP yo. Si ou oubyen ptit ou pa elijib pou Medicaid oubyen CHIP, ou p ap elijib pou pwogram asistans prim sa yo men petèt ou kapab achte kouvèti asirans endividé atravè Mache Asirans Medikal la. Pou plis enfòmasyon, ale sou www.HealthCare.gov.

Si ou oubyen depandan w yo anwole nan Medicaid oubyen CHIP deja epi w abite nan yon Eta nan lis anba a, kontakte biwo Medicaid oubyen CHIP Eta w pou konnen si genyen asistans prim ki disponib.

Si ou oubyen depandan w yo PA anwole nan Medicaid oubyen CHIP aktyèlman, epi w panse ou oubyen nenpòt nan depandan w yo te ka elijib pou youn nan pwogram sa yo, kontakte biwo Medicaid oubyen CHIP Eta w oubyen rele 1-877-KIDS NOW oubyen ale sou www.insurekidsnow.gov pou aprann kijan pou aplike. Si w kalifye, mande eta w si li gen yon pwogram ki te ka ede w peye prim yo pou yon plan ki patwonize pa anplwayè.

Si ou oubyen depandan w yo elijib pou asistans prim anba Medicaid oubyen CHIP, osi byen ke elijib anba plan anplwayè w, fòk anplwayè w pèmèt ou anwole nan plan anplwayè w si w pa anwole deja. Sa a rele yon opòtinité “anwòlman espesyal,” epi fòk ou mande kouvèti anvan 60 jou depi yo detèmine w elijib pou asistans prim. Si w gen kesyon sou anwole nan plan anplwayè w, kontakte Ministè Travay la sou www.askebsa.dol.gov oubyen rele 1-866-444-EBSA (3272).

Si w abite nan youn nan eta sa yo, ou gen dwa elijib pou asistans pou peye prim plan medikal anplwayè w. Lis eta swivi a aktyèl nan dat 31 janvye 2024. Kontakte Eta w pou plis enfòmasyon sou elijibilite –

ALABAMA - MEDICAID

Website: <http://myalhipp.com/>
Phone: 1-855-692-5447

ALASKA - MEDICAID

The AK Health Insurance Premium Payment Program
Website: <http://myakhipp.com/>
Phone: 1-866-251-4861
Email: CustomerService@MyAKHIPP.com
Medicaid Eligibility: <https://health.alaska.gov/dpa/Pages/default.aspx>

ARKANSAS - MEDICAID

Website: <http://myarhipp.com/>
Phone: 1-855-MyARHIPP (855)-692-7447

CALIFORNIA - MEDICAID

Website: Health Insurance Premium Payment (HIPP) Program
<http://dhcs.ca.gov/hipp>
Phone: 916-445-8322
Fax: 916-440-5676
Email: hipp@dhcs.ca.gov

COLORADO - HEALTH FIRST COLORADO (COLORADO'S MEDICAID PROGRAM) & CHILD HEALTH PLAN PLUS (CHP+)

Health First Colorado Website: <https://www.healthfirstcolorado.com/>
Health First Colorado Member Contact Center:
1-800-221-3943/ State Relay 711
CHP+: <https://hcpf.colorado.gov/child-health-plan-plus>
CHP+ Customer Service: 1-800-359-1991/ State Relay 711 Health Insurance Buy-In Program (HIBI): <https://www.mycohibi.com/>
HIBI Customer Service: 1-855-692-6442

FLORIDA - MEDICAID

Website: <https://www.flmedicaidtplrecovery.com/flmedicaidtplrecovery.com/hipp/index.html>
Phone: 1-877-357-3268

GEORGIA - MEDICAID

GA HIPP Website: <https://medicaid.georgia.gov/health-insurance-premium-payment-program-hipp>
Phone: 678-564-1162, Press 1
GA CHIPRA Website: <https://medicaid.georgia.gov/programs/third-party-liability/childrens-health-insurance-program-reauthorization-act-2009-chipra>
Phone: (678) 564-1162, Press 2

INDIANA - MEDICAID

Healthy Indiana Plan for low-income adults 19-64
Website: <http://www.in.gov/fssa/hip/>
Phone: 1-877-438-4479
All other Medicaid
Website: <https://www.in.gov/medicaid/> Phone 1-800-457-4584

LEGAL NOTICES

IOWA - MEDICAID AND CHIP (HAWKI)

Medicaid Website: <https://dhs.iowa.gov/ime/members>
Medicaid Phone: 1-800-338-8366
Hawki Website: <http://dhs.iowa.gov/Hawki>
Hawki Phone: 1-800-257-8563
HIPP Website: <https://dhs.iowa.gov/ime/members/medicaid-a-to-z/hipp>
HIPP Phone: 1-888-346-9562

KENTUCKY - MEDICAID

Kentucky Integrated Health Insurance Premium Payment Program (KI-HIPP)
Website: <https://chfs.ky.gov/agencies/dms/member/Pages/kihipp.aspx>
Phone: 1-855-459-6328
Email: KIHIPP.PROGRAM@ky.gov
KCHIP Website: <https://knect.ky.gov>
Phone: 1-877-524-4718
Kentucky Medicaid Website: <https://chfs.ky.gov/agencies/dms>

MAINE - MEDICAID

Enrollment Website: https://www.mymaineconnection.gov/benefits/s/?language=en_US
Phone: 1-800-442-6003
TTY: Maine relay 711
Private Health Insurance Premium
Webpage: <https://www.maine.gov/dhhs/ofi/applications-forms>
Phone: 1-800-977-6740
TTY: Maine relay 711

MINNESOTA - MEDICAID

Website: <https://mn.gov/dhs/people-we-serve/children-and-families/health-care/health-care-programs/programs-and-services/other-insurance.jsp>
Phone: 1-800-657-3739

MONTANA - MEDICAID

Website: <http://dphhs.mt.gov/MontanaHealthcarePrograms/HIPP>
Phone: 1-800-694-3084
Email: HHSHIPPPProgram@mt.gov

NEVADA - MEDICAID

Medicaid Website: <http://dhcfp.nv.gov>
Medicaid Phone: 1-800-992-0900

NEW JERSEY - MEDICAID AND CHIP

Medicaid Website: <http://www.state.nj.us/humanservices/dmajs/clients/medicaid/>
Medicaid Phone: 609-631-2392
CHIP Website: <http://www.njfamilycare.org/index.html>
CHIP Phone: 1-800-701-0710

KANSAS - MEDICAID

Website: <https://www.kancare.ks.gov/>
Phone: 1-800-792-4884
HIPP Phone: 1-800-967-4660

LOUISIANA - MEDICAID

Website: www.medicaid.la.gov or www.ldh.la.gov/laipp
Phone: 1-888-342-6207 (Medicaid hotline) or
1-855-618-5488 (LaHIPP)

MASSACHUSETTS - MEDICAID AND CHIP

Website: <https://www.mass.gov/masshealth/pa>
Phone: 1-800-862-4840
TTY: 711
Email: masspremessaging@accenture.com

MISSOURI - MEDICAID

Website: <http://www.dss.mo.gov/mhd/participants/pages/hipp.htm>
Phone: 573-751-2005

NEBRASKA - MEDICAID

Website: <http://www.ACCESENNebraska.ne.gov>
Phone: 1-855-632-7633
Lincoln: 402-473-7000
Omaha: 402-595-1178

NEW HAMPSHIRE - MEDICAID

Website: <https://www.dhhs.nh.gov/programs-services/medicaid/health-insurance-premium-program>
Phone: 603-271-5218
Toll free number for the HIPP program: 1-800-852-3345, ext. 5218

NEW YORK - MEDICAID

Website: https://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/
Phone: 1-800-541-2831

NORTH CAROLINA - MEDICAID	NORTH DAKOTA - MEDICAID
Website: https://medicaid.ncdhhs.gov/ Phone: 919-855-4100	Website: https://www.hhs.nd.gov/healthcare Phone: 1-844-854-4825
OKLAHOMA - MEDICAID AND CHIP	OREGON - MEDICAID AND CHIP
Website: http://www.insureoklahoma.org Phone: 1-888-365-3742	Website: http://healthcare.oregon.gov/Pages/index.aspx Phone: 1-800-699-9075
PENNSYLVANIA - MEDICAID AND CHIP	RHODE ISLAND - MEDICAID AND CHIP
Website: https://www.dhs.pa.gov/Services/Assistance/Pages/HIPP-Program.aspx Phone: 1-800-692-7462 CHIP Website: Children's Health Insurance Program (CHIP) (pa.gov) CHIP Phone: 1-800-986-KIDS (5437)	Website: http://www.eohhs.ri.gov/ Phone: 1-855-697-4347, or 401-462-0311 (Direct RIte Share Line)
SOUTH CAROLINA - MEDICAID	SOUTH DAKOTA - MEDICAID
Website: https://www.scdhhs.gov Phone: 1-888-549-0820	Website: http://dss.sd.gov Phone: 1-888-828-0059
TEXAS - MEDICAID	UTAH - MEDICAID AND CHIP
Website: https://www.hhs.texas.gov/services/financial/health-insurance-premium-payment-hipp-program Phone: 1-800-440-0493	Medicaid Website: https://medicaid.utah.gov/ CHIP Website: http://health.utah.gov/chip Phone: 1-877-543-7669
VERMONT - MEDICAID	VIRGINIA - MEDICAID AND CHIP
Website: Health Insurance Premium Payment (HIPP) Program Department of Vermont Health Access Phone: 1-800-250-8427	Website: https://coverva.dmas.virginia.gov/learn/premium-assistance/famis-select https://coverva.dmas.virginia.gov/learn/premium-assistance/health-insurance-premium-payment-hipp-programs Medicaid/CHIP Phone: 1-800-432-5924
WASHINGTON - MEDICAID	WEST VIRGINIA - MEDICAID AND CHIP
Website: https://www.hca.wa.gov/ Phone: 1-800-562-3022	Website: https://dhhr.wv.gov/bms/ http://mywvhipp.com/ Medicaid Phone: 304-558-1700 CHIP Toll-free phone: 1-855-MyWVHIPP (1-855-699-8447)
WISCONSIN - MEDICAID AND CHIP	WYOMING - MEDICAID
Website: https://www.dhs.wisconsin.gov/badgercareplus/p-10095.htm Phone: 1-800-362-3002	Website: https://health.wyo.gov/healthcarefin/medicaid/programs-and-eligibility/ Phone: 1-800-251-1269

Pou wè si genyen lòt eta ki te ajoute yon pwogram asistans prim depi 31 janvye 2024, oubyen pou plis enfòmasyon sou dwa sou anwòlman espesyal, kontakte youn nan kote sa yo:

U.S. Department of Labor
Employee Benefits Security Administration
www.dol.gov/agencies/ebsa
1-866-444-EBSA (3272)

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Medicare & Medicaid Services
www.cms.hhs.gov
1-877-267-2323, Menu Option 4, Ext. 61565

DEKLARASYON LWA SOU REDIKSYON PAPYE

Dapre Lwa 1995 sou Rediksyon Papye a (Pub. L. 104-13) (PRA), pyès moun oblige repòn yon koleksyon enfòmasyon sòf si yon koleksyon konsa prezante yon nimewo kontwòl Biwo Jesyon ak Bidjè (OMB) valab. Ministè a remake ke yon ajans Federal pa kapab fè ni patwonize yon koleksyon enfòmasyon sòf si li apwouve pa OMB a anba PRA a, epi prezante yon nimewo kontwòl OMB ki valab aktyèlman, epi publik la pa oblige repòn yon koleksyon enfòmasyon sòf si li prezante yon nimewo kontwòl OMB ki valab aktyèlman. Gade 44 U.S.C. 3507. Epi tou, malgre nenpòt lòt pwovizyon lalwa, pyès moun dwe sibi yon sanksyon si yo neglige konfòme ak yon koleksyon enfòmasyon si koleksyon enfòmasyon an pa prezante yon nimewo kontwòl OMB is valab aktyèlman. Gade 44 U.S.C. 3512.

Fado pou rapòtaj publik koleksyon enfòmasyon sa a estime pou li fè yon mwayen sèt minit pou chak repondan. Nou ankouraje pati ki enterese yo voye kòmantè konsènan estimasyon fado a oubyen kèlkeswa lòt aspè koleksyon enfòmasyon sa a, ki enkli sigjesyon pou redwi fado sa a, nan U.S. Department of Labor, Employee Benefits Security Administration, Office of Policy and Research, Attention: PRA Clearance Officer, 200 Constitution Avenue, N.W., Room N-5718, Washington, DC 20210 oubyen imèl ebsa.opr@dol.gov epi refere ak Nimewo Kontwòl OMB a ki se 1210-0137.

Nimewo Kontwòl OMB 1210-0137 (ekspire 31/1/2026)

RAPÈL AVI HIPAA SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

Pwoteje Dwa W Yo sou Konfidansyalite Enfòmasyon Medikal

The Breakers Palm Beach angaje ak konfidansyalite enfòmasyon medikal ou yo. Administratè Plan Medikal Breakers Palm Beach (“Plan” nan) aplike estanda strik sou konfidansyalite pou pwoteje enfòmasyon medikal ou kont itilizasyon oubyen divulgasyon ki pa otorize.

Politik Plan nan ki pwoteje dwa w sou konfidansyalite ak dwa w yo anba lalwa dekri nan Avi sou Pratik Konfidansyalite Plan nan. Ou kapab resevwa yon kopi Avi sou Pratik Konfidansyalite a si w kontakte Cara Striluk – Manadjè Sèvis Benefis nan (561) 653-6661 oubyen cara.striluk@thebreakers.com

DWA ANWÒLMAN ESPESYAL HIPAA

Avi Plan Medikal The Breakers Palm Beach sou Dwa W a Anwòlman Espesyal HIPAA

Dosye nou yo montre ke w elijib pou w patisipe nan Plan Medikal Breakers Palm Beach (pou vreman patisipe, fòk ou ranpli yon fòmilè anwòlman epi peye yon pati nan prim nan atravè dediksyon pewòl).

Yon lwa federal ki rele HIPAA egzije nou notifye w sou yon pwovizyon enpòtan nan plan nan – dwa w pou w anwole nan plan nan anba “pwovizyon anwòlman espesyal” li a si w akeri yon nouvo depandan, oubyen si w refize kouvèti anba plan sa a pou ou menm oubyen yon depandan ki elijib pandan yon lòt kouvèti aktif epi pi devan ou pèdi lòt kouvèti sa pou sèten rezon ki kalifye.

Pèt Lòt Kouvèti (Sa a Eskli Medicaid oubyen Pwogram Asirans Medikal Timoun yon Eta)

Si w refize anwòlman pou ou menm oubyen pou yon depandan ki elijib (sa a enkli konjwen w) pandan lòt kouvèti asirans medikal oubyen plan medikal an gwoup aktif, petèt ou kapab anwole tèt ou ak depandan w yo nan plan sa a si w oubyen depandan w yo pèdi elijibilité pou lòt kouvèti sa (oubyen si anplwayè a sispann ap kontribye nan y lòt kouvèti w oubyen depandan w yo). Sepandan, fòk ou mande pou anwòlman anvan 31 jou apre lòt kouvèti w oubyen depandan w yo ends (oubyen apre anplwayè a sispann kontribye nan lòt kouvèti a).

Pèt Kouvèti pou Medicaid oubyen Pwogram Asirans Medikal Timoun yon Eta

Si w refize anwòlman pou ou menm oubyen pou yon depandan ki elijib (sa a enkli konjwen w) pandan kouvèti Medicaid oubyen kouvèti anba yon pwogram asirans medikal timoun yon eta, petèt ou kapab anwole tèt ou ak depandan w yo nan plan sa a si w oubyen depandan w yo pèdi elijibilité pou lòt kouvèti sa. Sepandan, fòk ou mande pou anwòlman anvan 60 jou apre kouvèti w oubyen depandan w yo fini anba Medicaid oubyen Pwogram Asirans Medikal Timoun yon Eta.

Nouvo Depandan pa Maryaj, Nesans, Adopsyon, oubyen Plasman nan Adopsyon

Si w gen yon nouvo depandan an konsekans yon maryaj, nesans, adopsyon, oubyen plasman nan adopsyon, petèt ou kapab anwole tèt ou ak nouvo depandan w yo. Sepandan, fòk ou mande pou anwòlman anvan 31 jou apre maryaj la, nesans la, adopsyon an, oubyen plasman an nan adopsyon.

Elijibilité pou Asistans Prim Anba Medicaid oubyen Pwogram Asirans Medikal Timoun yon Eta

Si ou oubyen depandan w yo (sa a enkli konjwen w) vin elijib pou yon sibvansyon asistans prim yon eta nan men Medicaid oubyen atravè yon pwogram asirans medikal timoun yon eta avèk respè ak kouvèti anba plan sa a, petèt ou kapab anwole tèt ou ak depandan w yo nan plan sa a. Sepandan, fòk ou mande pou anwòlman anvan 60 jou apre detèminasyon elijibilité w oubyen depandan w yo pou yon asistans konsa.

Pou mande anwòlman espesyal oubyen jwenn plis enfòmasyon sou pwovizyon anwòlman espesyal plan nan, kontakte Cara Striluk – Manadjè Sèvis Benefis nan (561) 653-6661 oubyen cara.striluk@thebreakers.com

AVÈTISMAN ENPÒTAN

Si w refize anwòlman pou ou menm oubyen pou yon depandan ki elijib, fòk ou ranpli fòmilè nou pou refize kouvèti. Sou fòmilè a, ou oblige deklare si se kouvèti anba yon lòt plan medikal an gwoup oubyen kouvèti lòt asirans medikal (sa enkli Medicaid oubyen Pwogram Asirans Medikal Timoun yon Eta) ki rezon an ki fè w refize anwòlman, epi nou mande w idantifye kouvèti sa. Si w pa ranpli fòmilè a, ou ak depandan w yo p ap gen dwa a dwa anwòlman espesyal lè w pèdi lòt kouvèti jan sa dekri anwo a, men w ap toujou genyen dwa anwòlman espesyal lè w gen yon nouvo depandan pa maryaj, nesans, adopsyon, oubyen plasman nan adopsyon, oubyen gras a genyen elijibilité yon sibvansyon asistans prim yon eta nan men Medicaid oubyen atravè pwogram asirans medikal timoun yon eta avèk respè ak kouvèti anba plan sa a, jan sa dekri anwo a. Si w pa jwenn dwa anwòlman espesyal lè w pèdi lòt kouvèti, ou pa kapab anwole tèt ou ni depandan w yo nan plan nan okèn lè sòf pou peryòd anwòlman ouvè chak ane pou plan nan, sòf si dwa anwòlman espesyal aplike akòz yon nouvo depandan pa maryaj, nesans, adopsyon, oubyen plasman nan adopsyon, oubyen gras a genyen elijibilité yon sibvansyon asistans prim yon eta nan men Medicaid oubyen atravè pwogram asirans medikal timoun yon eta avèk respè ak kouvèti anba plan sa a.

AVI SOU KOUVÈTI ADMISIB

Avi Enpòtan nan men The Breakers Palm Beach Sou Kouvèti Medikaman Preskripsyon W yo ak Medicare

Tanpri li avi sa a avèk atansyon epi kenbe li yon kote w ap ka jwenn li. Avi sa a genyen enfòmasyon sou kouvèti aktyèl ou pou medikaman preskripsyon avèk The Breakers Palm Beach ak sou opsyon w yo anba kouvèti Medicare pou medikaman preskripsyon. Enfòmasyon sa a kapab ede w deside si w vle antre nan plan Medicare pou medikaman preskripsyon. Si w ap konsidere antre nan youn, ou dwe konpare kouvèti aktyèl ou, sa enkli ki medikaman ki kouvrí a ki pri, avèk kouvèti a ak pri plan yo k ap ofri Kouvèti Medicare pou medikaman preskripsyon nan zòn kote w abite a. Genyen enfòmasyon sou ki kote w ap ka jwenn èd pou pran desizyon sou kouvèti w pou medikaman preskripsyon nan fen avi sa a.

Genyen de bagay enpòtan ou bezwen konnen sou kouvèti aktyèl ou ak kouvèti Medicare pou medikaman preskripsyon:

1. Kouvèti Medicare pou medikaman preskripsyon te vin disponib an 2006 pou tout moun ki gen Medicare. Ou kapab pran kouvèti sa a si w antre nan yon Plan Medicaire pou Medikaman Preskripsyon oubyen antre nan yon Plan Medicare Advantage (tankou yon HMO oubyen PPO) ki ofri kouvèti pou medikaman preskripsyon. Tout plan medikaman Medicare yo bay omwens yon nivo kouvèti estanda ki fikse pa Medicare. Genyen kèk plan ki kapab ofri plis kouvèti pou yon prim chak mwa ki pi wo tou.
2. The Breakers Palm Beach te detèmine ke kouvèti a pou medikaman preskripsyon plan medikal la ofri a, pa mwayen pou tout patisipan yo nan plan nan, nou atann li pral peye menm kantite ak kouvèti Medicare estanda pou medikaman preskripsyon peye epi an konsekans li konsidere Kouvèti Onorab. Poutèt kouvèti aktyèl ou se Kouvèti Onorab, ou kapab kenbe kouvèti sa a san w pa peye yon prim ki pi wo (yon penalite) si pi devan ou ta deside antre nan yon Plan Medicare pou Medikaman.

Kilè W Ap Ka Antre nan yon Plan Medicare pou Medikaman?

Ou ka antre nan yon plan Medicaire pou medikaman lè w premye vin elijib pou Medicare epi chak ane kòmanse 15 oktòb pou 7 desanm.

Sepandan, si w pèdi Kouvèti Onorab aktyèl ou pou medikaman preskripsyon, san li pa fòt pa w, w ap elijib pou yon Peryòd Anwòlman Espesyal (SEP) pandan de (2) mwa pou antre nan yon plan Medicaire pou medikaman tou.

Kisa Ki Rive Kouvèti Aktyèl Ou Si W Deside Antre nan yon Plan Medicaire pou Medikaman?

Si w deside antre nan yon plan Medicaire pou medikaman, sa p ap afekte kouvèti The Breakers Palm Beach aktyèl ou. Si w deside antre nan yon plan Medicaire pou medikaman epi kite kouvèti The Breakers Palm Beach aktyèl ou, se pou w konsyan ke ou ak depandan w yo kapab petèt pa jwenn kouvèti sa a ankò.

Kilè Ou Pral Peye yon Prim Pi Wo (Penalite) pou Antre nan yon Plan Medicaire pou Medikaman

Ou dwe konnen tou ke si w kite oubyen pèdi kouvèti aktyèl ou avèk The Breakers Palm Beach epi w pa antre nan yon plan Medicaire pou medikaman anvan 63 jou konsekatif apre kouvèti aktyèl ou fini, ou ka peye yon prim ki pi wo (yon penalite) pou antre nan yon plan Medicaire pou medikaman pi devan.

Si w pase 63 jou oubyen plis konsekitif san Kouvèti Onorab pou medikaman preskripsyon, prim ou chak mwa kapab monte omwens 1% nan prim benefisyè Medicare debaz la chak mwa pou chak mwa kote w pa te genyen kouvèti sa. Pa egzanp, si w pase diznèf mwa san Kouvèti Onorab, prim ou kapab konsistanman omwens 19% pi wo pase prim benefisyè Medicare debaz la. Ou ka oblige peye prim pi wo sa a (yon penalite) toutotan ou genyen kouvèti Medicare pou medikaman preskripsyon. An plis de sa, ou ka oblige tann jis pwochen oktòb la pou antre.

Pou Plis Enfòmasyon Sou Avi Sa a oubyen Kouvèti Aktyèl Ou pou Medikaman Preskripsyon...

Kontakte moun anba a pou plis enfòmasyon.

REMAK: Ou pral resevwa avi sa a chak ane. Epi tou ou pral jwenn li anvan pwochen peryòd la kote w ka antre nan yon plan Medicaire pou medikaman, epi si kouvèti sa a atravè The Breakers Palm Beach ta chanje. Ou kapab mande yon kopi avi sa a nenpòt lè tou.

Pou Plis Enfòmasyon Sou Opsyon W yo Anba Kouvèti Medicare pou Medikaman Preskripsyon ...

Genyen enfòmasyon pi detaye sou plan Medicare yo ki ofri kouvèti pou medikaman preskripsyon nan manyèl "Medicare & You" a. Medicaire pral voye yon kopi manyèl la ba w pa lapòs chak ane. Plan Medicaire pou Medikaman kapab kontakte w dirèkteman tou.

Pou plis enfòmasyon sou kouvèti Medicare pou medikaman preskripsyon:

- Ale sou www.medicare.gov
- Rele Pwogram Asistans Asirans Medikal Eta w (gade andan kouvèti dèyè a nan kopi manyèl "Medicare & You" ou a pou nimewo telefòn yo) pou èd pèsonalize
- Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY dwe rele 1-877-486-2048.
- Si w genyen revni ak resous limite, genyen plis èd pou peye pou kouvèti Medicare pou medikaman preskripsyon
- Ki disponib. Pou enfòmasyon sou èd siplemantè sa a, ale sou sit entènet Sekirite Sosyal la sou www.socialsecurity.gov, oubyen rele yo nan 1-800-772-1213 (TTY 1-800-325-0778).

Sonje: Kenbe Avi sou Kouvèti Onorab sa a. Si w deside rejwenn youn nan plan medikaman Medicare yo, ou ka oblige founi yon kopi avi sa a lè w antre ladan li pou montre si w te kenbe kouvèti Onorab epi, an konsekans, si w oblige peye yon prim ki pi wo ou pa (yon penalite).

Dat:

1e Septanm 2023

Non Antite/Ki Voye Li:

The Breakers Palm Beach

Kontak—Pòs/Biwo:

Cara Striluk – Manadjè Sèvis Benefis

Adrès Biwo:

One South County Road

Nimewo Telefòn:

Palm Beach, FL 33480

United States

(561) 653-6661

NOTES



Enfòmasyon ki nan gid sa a se yon rezime benefis ki disponib pou w epi yo pa fèt pou yo ranplase Sètifika Manm oubyen Rezime Benefis founisè ofisyèl yo. Gid sa a genyen yon deskripsiyon jeneral sou benefis ou ak depandan elijib ou yo ka gen dwa ak yo kòm yon anplwaye tan-plen. Gid sa a pa chanje ni otreman entèprete kondisyon nan dokiman ofisyèl yo pou plan yo. Jis nan pwen nenpòt nan enfòmasyon ki nan gid sa a pa konsistan avèk dokiman ofisyèl yo pou plan yo, pwovizyon yo ki nan dokiman ofisyèl yo pral gouvène nan tout ka epi se dokiman plan yo ak sètifica founisè yo ki pral domine.

Gid sa a souliyen chanjman resan nan jan plan yo fèt epi li fèt pou li konfòme konplètman avèk egzijans ki nan Lalwa sou Sekirite Revni Retrèt Anplwaye a (“ERISA”) kòm nou dwe kenbe yon Rezime sou Modifikasyon Materyèl ansanm avèk Deskripsiyon Plan Rezime pi resan w. Ou kapab jwenn Deskripsiyon Plan Rezime a sou SmartBen.

The Breakers rezève dwa a, nan diskresyon inik ak absoli li, pou li amande, modifeye oubyen tèmine, konplètman oubyen pasyèlman, nenpòt oubyen tout pwovizyon plan benefis yo.